УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№24 (13886)

2024 гъэ, мэлыжьыхьым (апрелым) и 6, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Хъуэхъу

Мэлыжьыхьым и 10-р — Хьид Махуэщ

## Ди хэкуэгъу лъапIэхэ!

Ди гум къыбгъэдэкIыу дывохъуэхъу Ураза-байрам — Хьид махуэщIым и цIэкIэ!

А Махуэ хэIэтыкIам цIыхугухэр гуфIэгъуэкIэ, фIыщIэкIэ, псэ хуабагъэкIэ егъэнщI. Дэтхэнэ муслъымэнымкIи лъапIэныгъэ ин зыпылъ, Iуэху угъурлыхэмкIэ, гупсысэ къабзэхэмкIэ, дыуэхэмкIэ, гулъытэрэ дэIэпыкъуныгъэрэ хуэныкъуэхэм янэIэсынымкIэ гъэнщIа нэщI мазэр къызэднэкIащ.

Хьид махуэщI нэхур — псэ, гу къабзагъэкIэ зыузэщIыным, ефIэкIуэным, гущIэгъуныгъэр гъэнэхъапэным, къэгъэщIыныгъэм хуэпабгъэным, зыужьыным я нагъыщэщ икIи апхуэдэ лъапIэныгъэхэр Къэрэшей-Черкесым, Урысейм щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъми, сыт хуэдэ дин зэримыхьэми, пэгъунэгъущ.

Дывохъуэхъу мы махуэщIым фи гъунэгъухэмрэ Iыхьлыхэмрэ фи зэIущIэ хуабэхэмкIэ, хъуэхъу угъурлыхэмкIэ, насыпрэ берычэтрэкIэ фиузэщIыну! ЩIэрэщIэныгъэрэ зыузэщIыныгъэрэ унэ, унагъуэ къэс!

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ**

**ИВАНОВ Александр,**
**КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**АРГУН Мурат,**
**КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ**

Дин

# Хэщхьэж гупхэр

Хьид Махуэм хуэкIуэу, Къэрэшей-Черкес Республикэм и къалэ, район къэс щрагъэкIуэкI зэдыхэщхьэж махуэщI пшыхьхэр. Жэрдэмыр къызыбгъэдэкIыр республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидщ.

Апхуэдэу, хэщхьэж пшыхьхэр щекIуэкIащ: Черкесск къалэм — мэлыжьыхьым и 3-м, Адыгэ-Хьэблэ — мэлыжьыхьым и 4-м, Хьэбэз — мэлыжьыхьым и 5-м. Махуэ зэхуэмыдэхэм район къэскIэ хэтащ мыпхуэдэ Iуэху угъурлым.

ХабзэфI зэрыхъуауэ, нэщI мазэ лъапIэм и иужьрей республикэ хэщхьэжыр Черкесск къалэм дэт «Эдельвейс» хьэщIэщ комплексым щызэхашэнущ.

**ТУАРШЫ Ирэ**



Хэщхьэжыр — Адыгэ-Хьэблэ къуажэм

Москва къалэ



# Зэдэлэжьэнущ

Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ къэрал мылъкур зегъэкIуэнымкIэ Федеральнэ агентствэм и унафэщI Яковенко Вадимрэ Москва къалэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щызэIущIащ.

Ахэр тепсэлъыхьащ ди хэгъуэгум федеральнэ мылъкур фIагъ иIэу къэгъэсэбэпыным ехьэлIа упщIэ щхьэхуэхэм. Ягъэбелджылащ ди лъахэм социально-экономикэм зыщегъэужьынымкIэ, социальнэ, экономикэ мыхьэнэ зиIэ инвест проектхэр гъэзэщIэнымкIэ мылъку, щIыгу зэхущытыкIэ я лъэныкъуэкIэ зэрызэдэлэжьэну унэтIыныгъэхэр.

Яковенко Вадим къыхигъэщащ Росимуществэмрэ Къэрэшей-Черкесым и зыгъэзащIэ власть къулыкъухэмрэ купщIафIэу зэрызэдэлажьэр.

ЗэIущIэм и кIэм, лъэныкъуитIри зэгурыIуащ республикэм и промышленнэ, мэкъумэшхъызмэт, турист лъэкIыныгъэхэр гъэбыдэным хуэунэтIауэ адэкIи зэрызэдэлэжьэнымкIэ.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Гулъытэ

# ХьэщIэхэм яхуосакъ

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид республикэм и Правительствэм хэтхэм къалэн яхуищIащ Белгород областым щыщу ди щIыналъэм пIалъэкIэ кърашэлIахэм я щыIэкIэ-псэукIэм зыщагъэгъуэзэну. Ахэр мы зэманым Домбай, Тебэрды зыгъэпсэхупIэхэм щохьэщIэ.

Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Суюнов Джанибекрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Шаманов Казимрэ ахэр зыщыпсэу щIыпIэхэр къаплъыхьащ, медицинэ дэIэпыкъуэгъу абыхэм зэрахуэхъуми зыщагъэгъуэзащ, хьэщIэхэм япсэлъащ, зыгъэпIейтей упщIэхэм хэдэIуащ.

Абыхэм я псэукIэр хьэлэмэту, шынагъуэншагъэу псомкIи зэгъэзэхуауэ къызэгъэпэщащ, махуэм плIэ ягъашхэ. ПIалъэкIэ абыхэм псэупIэ яхуэхъуа щIыпIэхэм жэщ-махуэ имыIэу медицинэм и лэжьакIуэхэри щыIэщ, дэIэпыкъуэгъу псынщIэ гупи къегъэбыдылIауэ щытщ. ХьэщIэхэр медицинэ щIэплъыкIыныгъэхэм пхыкIагъэххэщ. Сымаджэхэм зыхуэныкъуэ хущхъуэхэр иратащ, пIалъэ-пIалъэкIэ коронавирус уз зэрыцIалэр къызэрахутэ ПЦР-тестхэр хурагъэщI.

Белгород областым щыщ хьэщIэхэм я узыншагъэр КъЧР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и нэIэм щIэтщ.

Мыбы ипэкIэ, хьэщIэхэм яхуеблэгъащ КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министр Кравченко Иннэрэ республикэм гуащIэдэкIымрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэкIэ и министр Камурзаевэ Динарэрэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Белгород областым къикIыу ди республикэм пIалъэкIэ къашащ цIыху 238-рэ. Абы яхэтщ сабии 100. НыбжьыщIэхэм Тебэрды, Домбай дэт еджапIэхэм я еджэныгъэм щыпащэнущ.

**Зыгъэхьэзырар**
**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэщ**

ЩIыуэпсыр хъумэн

**ЩIыгум и Лъэпкъыбэ Махуэм ирагъэхъулIэри, «Сабиигъуэм и гъуэгугъэлъагъуэхэр» акцэр Къэрэшей-Черкесым щрагъэкIуэкIащ. Абы и фIыгъэкIэ ягъэтIысащ пхъэщхьэмыщхьей жыгыщIэ цIыкIу 600-м щIигъу: балией, шэдыгъуей, хуэрэджей, къыцей.**

# «Сабиигъуэм и гъуэгугъэлъагъуэхэр»

«Сабиигъуэм и гъуэгугъэлъагъуэ» зэщIэхъееныгъэм хэтахэм жыг хадэ здагъэтIысар «Медовэ псыкъелъэхэр» турист-этнографическэ щIыпIэм дежщ. ЩIыуэпсыр хъумэнымрэ гъэбэгъуэнымрэ епхауэ къаIэта акцэм хэлэжьыхьащ курыт еджапIэхэм я унафэщIхэм гъэсэныгъэ Iуэхухэмкiэ я чэнджэщэгъухэр, муниципальнэ координаторхэмрэ хэкIыпIэ купсэм щылажьэхэмрэ.

ЗэрытщIэщи, «Медовэ псыкъелъэхэр» зыгъэпсэхупIэр я екIуэлIапIэщ турист куэдым. И Iэхэлъахэм щыхаса жыг хадэм зиужьрэ лэжьыгъэ къитын щIидзэмэ, а щIыпIэм зи хущIыхьэгъуэр сэбэп пылъу зыгъакIуэм иджы лъэкIыныгъэ иIэнущ пхъэщхьэмыщхьэ къабзэхэмкIэ зыщигъэнщIынуи.

Мы зэщIэхъееныгъэм хэтхэм дэтхэнэ зыри къыхураджэ акцэм я гуащIэ халъхьэну, къыхагъэщ зы жыгым гъащIэ езытыфам дунейри нэхъыфI ищIу, къэрал псом лъышэ (кислород) къабзэрэ пхъэщхьэмыщхьэ IэфIыбзэхэмрэ тыгъэу къызэригъэпэщу.

**АБЫКЪУ Къамырзэ**

Сессием къикIыу

# ЦIыхухэм я хэкупсагъэрщ и лъабжьэр

**Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и еханэ зэхуэшэсыгъуэм и къыкIэлъыкIуэ 54-нэ зи мычэзу сессиер иригъэкIуэкIащ спикер Иванов Александр. ЗэIущIэм хэтащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.**

Сессием къыщаIэтыну упщIэхэм депутатхэр хэплъэн ипэ, пленар зэIущIэм хэтхэр гъатхэпэм и 22-м «Крокус Сити» концерт гъэлъэгъуапIэм къыщыхъуа терактым хэкIуэдахэм яхуэщыгъуащ.

Иужьым упщIэ зыбжанэм хэплъащ, Урысейм и МВД-м и IуэхущIапIэу КъЧР-м щыIэмрэ Къэрэшей-Черкесым и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэмрэ 2023 гъэм зэфIагъэкIахэм, а пIалъэм къриубыдэу ялэжьахэм теухуа къэпщытэжыныгъэхэм едэIуащ.

Республикэм и МВД-м и унафэщI Нефедов Владимир къытепсэлъыхьащ жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэр хъумэнымрэ ди щIыналъэм и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэкIэ нэгъабэ Министерствэм илэжьа лэжьыгъэм. Абы зэрыжиIамкIэ, илъэсым къриубыдэу лъэныкъуэгъазэ зэхуэмыдэхэмкIэ щIэпхъаджагъэ 4456-рэ къыщIагъэщащ. Нэхъыбэу ахэр зылэжьар зыщIыпIи щымылажьэ, хэхъуэ зимыIэ, фадэ зыIухуа е афияным пыщIа цIыхухэщ. БалигъыпIэм имыува ныбжьыщIэхэм къагъэхъу щIэпхъаджагъэхэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар жиIащ.

Министрым гу лъитащ хабзэншагъэу къыщIагъэщахэр ипэ ита илъэсым хуэдэу къызэрынэжар, проценткIэ къапщтэмэ 62-рэ мэхъу.

Апхуэдабзэу, нэхъ мащIэ хъуащ цIыхухэр куэду здызэхуэс щIыпIэхэмрэ уэрамхэмрэ къыщагъэхъу мыхъумыщIагъэхэр. УнафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, уэрамым къыщагъэхъуауэ щIатха щIэпхъаджагъэхэр здэщынэхъ мащIэ хэгъуэгухэм Къэрэшей-Черкесыр е 9-нэ увыпIэкIэ яхыхьащ.

Министрым и къэпщытэжыныгъэмкIэ гулъытэ хэха хуищIащ экстремизм, терроризм унэтIыныгъэ зиIэ щIэпхъаджагъэхэм пэщIэтыным, апхуэдэ гупхэм жылагъуэ хабзэр къызэпемыгъэудыным. Хабзэхъумэ IэнатIэхэр зэщIыгъуу зэрылэжьам и фIыгъэкIэ, апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэр къамыгъэхъун яхузэфIэкIащ. Министрым жиIащ нэгъабэ террор унэтIыныгъэ иIэу хабзэкъутэныгъэ 43-рэ зэрыщIатхар, экстремист лъэныкъуэгъазэ 15 къызэрыщIагъэщар, апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуным ехьэлIауэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIыр.



МВД-м и лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ унэтIыныгъэхэм ящыщщ гъуэгум шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным ехьэлIар. Бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, республикэм и гъуэгухэм къыщыхъу автомобиль зэжьэхэуэныгъэхэр, абыхэм щыхэкIуадэхэмрэ фэбжь зэхуэмыдэхэр щыхэзыххэмрэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Мыхьэнэшхуэ зратхэм ящыщщ экономикэм, Iулъхьэ тыным яхьэлIа щIэпхъаджагъэхэр. А унэтIыныгъэхэм хабзэншагъэу къыщагъэхъухэр зэрыинир министрым къыхигъэщащ.

— Хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэм илъэс кIуам кърикIуахэр щызэхэтлъхьэжкIэ, къыхэгъэщыпхъэщ, зэфIэмыгъэкIа Iуэхухэр иджыри щыIэми, КъЧР-м и МВД-м къыхуагъэува къалэнхэр зэригъэзэщIар.

➦3

ЩIалэгъуалэм и Илъэсым

**ЩIалэгъуалэ политикэр гъэзэщIэным ехьэлIа Iуэхухэм ятеухуауэ щытащ ди хэгъуэгум и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ КъЧР-м щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министр Тоторкулов Ибрэхьимрэ я зэIущIэр.**

# Ягу дыхьэр къыхэлъытауэ

Зэпсэлъэныгъэм ипэ къиxуэу, министрыр къытепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ Сочэ къалэм къыщаIэта щIалэгъуалэ Дунейпсо Фестивалым щыIа ди хэкуэгъу ныбжьыщIэхэм зэхыхьэр зэрызыхащIам, зэныбжьэгъугъэм и утыкум сэбэпу кърахам.

Хэгъуэгум и унафэщIым къыхигъэщащ щIалэгъуалэр ипэкIэ фIым дыщызыгъэгугъ, дызыгъэкIуатэ къаруууэ зэрыщытыр, къэралым и къэкIуэнур абы хэлъ хэлъэтымрэ хьэрычэтымрэ куэдкIэ зэралъытар. ЖиIащ Къэрэшей-Черкесым мы гъэр щIалэгъуалэм и Илъэсу гъэувыныр къызыхэкIар арауэ.

Тоторкулов Ибрэхьим хэгъуэгум и унафэщIыр щигъэгъуэзащ къэрал щIалэгъуалэ политикэр гъэзэщIэнымкIэ дызэрыт илъэсым ехъулIэныгъэрэ плану республикэм иIэм. Абы зэрыжиIамкIэ, яубзыхуа лэжьыгъэхэр хуэгъэпсауэ щытынущ кIуэрабгъу хэха зиIэ проектхэм, програмнэ зэхуэмыдэхэм, щIалэгъуалэ инфраструктурэм зегъэужьыным ныбжьыщIэхэр жыджэру хэгъэтыным.

Темрезов Рэшид министрым гу зэрылъригъэтащи, щIалэгъуалэм и Илъэсым ипкъ иту, форум кампанэхэм, щэнхабзэ-узэщIыныгъэ дауэдапщэхэм, инфраструктурэр егъэфIэкIуэным пыщIа Iуэхугъуэхэм къащынэмыщIа, Iэмал зэриIэкIэ ныбжьыщIэхэр трагъэгушхуэн хуейщ лэжьыгъэр фIыуэ лъагъуным, заужьыным, унагъуэ щIэным. А лъэныкъуэгъазэхэр гъэкIуэта хъун папщIэ, къыхалъытапхъэщ щIалэгъуалэм и псэм нэхъ дыхьэ IэщIагъэ къегъэгъуэтынри, ар дауэдапщэ гъэщIэгъуэн куэдым хэшэнри.

«Дауэдапщэхэм я планымрэ щIалэгъуалэ политикэмрэ щыдухуэкIэ, ахэр зытедухуэ ныбжьыщIэхэм я еплъыкIэхэм тедмыщIыхь хъунукъым», — жиIащ хэгъуэгум и лIыщхьэм.

**ЛЫХЬ Тимур**

# ЗауэлI хахуэ

СВО



2022 гъэм мазаем и 24-м УФ-м и Президент Путин Владимир и УнафэкIэ, Украинэм СВО-р щIидзащ. Урысейм и Президентыр пэджэжащ ДНР-мрэ ЛНР-мрэ я Iэтащхьэхэм республикэхэм щыпсэухэр Киев режим ткIийм и бжьым къыщIэшынымкIэ зыкъызэрыхуагъэза лъэIум.

Абы лъандэрэ мы гъэм илъэс ещанэр щIидзауэ йокIуэкI. Украинэм щыпсэу цIыхубэр илъэси 8-м щIигъукIэ зыхэта бэлыхьыр гъэужьыхынымкIэ, лъэпкъгъэкIуэдыр къэгъэувыIэнымкIэ Урысей Федерацэм и Президентым дащтэу, ди хэкуэгъу, лъэпкъэгъу куэд СВО-м хыхьащ — хэти контракт къулыкъум хэкIри, хэти игу — и псэ хуеджэныгъэкIэ, хэти мобилизацэкIэ. Дауэ щымытми, дэтхэнэми и мурадыр зыщ — демиталиризацэ, денацификацэ Украинэм щегъэкIуэкIын, апхуэдэуи цIыхубэр мамыр псэукIэм хэшэжын, Хэкур хъумэн.

➦2

ЗэIущIэ

# ИнвестицэмкIэ советым

Инвесторхэмрэ республикэм и хыхьэхэкIырылажьэхэмрэ нэхъ гъерэтыфIэу ядэлэжьэным хуэунэтIауэ, Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ Къэрэшей-Черкесым и инвестицэ советым и зэIущIэ.

Абы хэтащ Къэрэшей-Черкесым экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Езауэ Артур, «КАВКАЗ.РФ» дзей зэгухьэныгъэм и генеральнэ унафэщIым и япэ къуэдзэ Цемахович Андрей, «Россети Северный Кавказ» жылагъуэ дзей зэгухьэныгъэм и генеральнэ унафэщIым и къуэдзэ Поляков Сергей, экономикэм ахъшэ къыхэзылъхьэну хьэзыр инвесторхэмрэ хыхьэхэкIхэмрэ.

Тепсэлъыхьащ проектхэр гъэзэщIэным и къэухьхэм иту, «КАВКАЗ.РФ» дзей зэгухьэныгъэм, къару хэкIыпIэхэр къызэзыгъэпэщ организацэхэри хэту, я къарухэр зэгъэуIунымкIэ щыIэ лъэкIыныгъэхэм, хэгъуэгум хыхьэхэкIым зыщегъэужьыным, абы дэIэпыкъуным жылагъуэ-IуэхущIэ зэгухьэныгъэхэм щаIэ мыхьэнэм.

2023 гъэм Къэрэшей-Черкесым лэжьыгъэ щрагъэкIуэкIащ инвесторхэр экономикэм ахъшэ къыхэлъхьэным дегъэхьэхыным хуэунэтIауэ. Гулъытэ лей хухахащ Хэгъуэгу инвестицэ стандартыр къэгъэIэрыхуэным.

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид ищIа пщэрылъхэм я къэухьхэм иту, республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и Министерствэмрэ муниципальнэ къэхъугъэхэмрэ зэгъусэу хэгъуэгум и муниципальнэ къэхъугъэхэм папщIэ инвестиционнэ паспортхэр ятхащ. Мы зэманым жыджэру йокIуэкI стандартыр къэгъэIэрыхуэнымкIэ лэжьыгъэр. Ар хуэунэтIащ инвестицэ проектхэр гъерэтыфIэу гъэзэщIэным и бэз къызэгъэпэщыным.

**ПАЩIЭ Хьэдис**

Псэужамэ, илъэс 95-рэ ирикъунут

# Зэманым декIуу дунейм тета



БЭЧЫЖЬ Мыхъутар дунейм тетащ и гъащIэмкIэ арэзыуэ, ищIэр зэрытэмэмыр къыгурыIуэу, зэманым декIуу. Аращ гъащIэ кIыхь щIэхъуари, тхэкIыжащ и илъэс 93-р къиуныкъуауэ. Апщыгъуэми гугъуехь пэщIэмыхуауэ, и къекIуэкIыкIари адрей цIыхухэм я псэукIэм тыншыгъуэ гуэркIэ къащхьэщыкIыу щытауэ пхужыIэнукъым.

Бэчыжь Мыхъутар 1929 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м къыщыхъуащ Черкес автоном областым хыхьэу щыта ВакIуэ-Жылэ къуажэм. 1933 гъэм Бэчыжьхэ я унагъуэр политикэ ущхьэгъукIэ зэхэзехуэн ящIри, Омск областым и щIыпIэ цIыхуншэхэм ирагъэкIащ. 1937 гъэм къагъэзэжащ я къуажэм, икIи Мыхъутар щIыхьащ илъэсибл еджапIэм и япэ классым. И гуащIэдэкI лэжьыгъэр илъэс 16-м иту щригъэжьащ а еджапIэм. Ар 1945 гъэм къиухат предмет 15-мкIи нагъыщэфI дыдэхэр иIэу. Абы дзыхь къыхуащIащ гъэунэхуныгъэ здыщрагъэкIуэкI пэщIэдзэ классхэм сабийхэр щригъэджэну. ИкIи хузэфIэкIащ илъэсих зи ныбжь щIалэ цIыкIухэмрэ хъыджэбз цIыкIухэмрэ зы илъэсым нулевой классымрэ япэ классымрэ я программэхэр яригъэджын. ИлъэсищкIэ пэщIэдзэ классхэм щылэжьауэ, ар щIыхьащ Черкесск къэрал егъэджакIуэ институтым, ар къиухащ курыт еджапIэм и япэ классиблыр иригъэджэну хуитыныгъэ иIэу.

ИтIанэ къыздалъхуа къуажэм и еджапIэм щылэжьащ унафэщIым и къуэдзэу.

1950 гъэм Бэчыжь Мыхъутар ираджащ Советыдзэм. Къулыкъу щищIащ Дагъыстаным и Махъачкъалэ. Мыбдеж къыщиухащ полк еджапIэр. Дивизэм и пщыхьэщхьэ парт еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, ар хах дзэ пакIэм и комсомол организацэм и секретару. Командованэм кърита хуитыныгъэмкIэ ар щIотIысхьэ Дагъыстан къэрал педагогическэ институтым (иджы – Дагъыстан къэрал университет). Къулыкъу ищIэурэ, ар абы щоджэ, езым зигъэхьэзырурэ, экзаменхэр итурэ. Армэм къикIыжа нэужь къиухыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутыр (иджы университет).

1954 гъэм щегъэжьауэ, Бэчыжь Мыхъутар щылэжьащ Беслъэней къуажэм и курыт еджапIэм тхыдэмкIэ и егъэджакIуэу, унафэщIу щытащ.

1957 гъэм Бэчыжьым и цIэр къраIуэ «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденкIэ.

Бэчыжь Мыхъутар и гъэсэныгъэ, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм къинэмыщIауэ, и лъэкIыныгъэхэр мэкъумэш IэнатIэми щигъэунэхун къыхудэхуащ. 1961-1963 гъэ гугъухэм гъэсэныгъэ IэщIагъэ зиIэ щIалэр ягъэкIуащ езымкIэ мыхамэ «40 лет Октября» колхозым и тхьэмадэу. ИмынэIуасэ IэнатIэм илъэсищкIэ бгъэдэта IэщIагъэлIымкIэ ар хуэдэт «щIыщIэр» (целина) къэIэтыным. Абы илъэсищкIэ колхозыр къиIэтащ. Хъызмэтым и гъэлъэгъуэныгъэхэр зэрыригъэфIэкIуам, IэщхэкI продукцэр къэралым ещэнымкIэ планхэр щIигъуу зэригъэзэщIам (лыр – проценти 100,7-кIэ, гъэшыр – проценти 120, 6-кIэ, джэдыкIэхэр – проценти 132,3-кIэ) папщIэ, къыхуагъэфэщащ ЩIыхь тхылъ.

Бэчыжь Мыхъутар и гъэсакIуэ, къызэгъэпэщакIуэ зэчийм нэхъри зикъызэкъуихащ ар егъэджакIуэхэм я IэпщIэлъапщIагъым здыхагъахъуэ Къэрэшей-Черкес область институтым и унафэщIу щылэжьа лъэхъэнэм. Абы хузэфIэкIащ и акъылэгъу лэжьакIуэхэр зэхуишэсу гъэсэныгъэм епха Iуэху гугъухэр ягъэзэщIэн.

1971 гъэм жэпуэгъуэм Бэчыжь Мыхъутар хах КПСС-м и Черкесск къалэ комитетым и етIуанэ секретару. А IэнатIэм илъэситхукIэ щылэжьащ, и нэIэм щIигъэтащ идеологиер, щIалэгъуалэ политикэмрэ лъэпкъ зэхущытыкIэхэмрэ. Гулъытэ хэха хуищIт IэщIагъэлIхэр къыхэхынымрэ гъэхьэзырынымрэ.

Тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуа нэужькIи, Бэчыжьым адэкIэ пещэ и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр. ЕхъулIэныгъэ хэлъу пхегъэкI и доктор диссертацэри. СССР-м и министрхэм я Советым и аттестацэ комиссэ Нэхъыщхьэм и унафэкIэ, 1979 гъэм Бэчыжь Мыхъутар кърат тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор щIэныгъэ нагъыщэ лъагэр. Диссертацэр хуабжьу ягу ирихьащ еджагъэшхуэхэм, хъыбарегъащIэ Iэмалхэри тхыгъэхэмкIэ абы къыпэджэжащ.

Бэчыжьым и щIэныгъэ – гъэсэныгъэ лэжьыгъэр щыпищащ Ставрополь политехническэ институтым и Черкесск къудамэм (иджы ар академие хъужащ), ягъэуващ жылагъуэ щIэныгъэхэм я кафедрэм и унафэщIу.

1980 гъэм Бэчыжьыр а ищхьэ еджапIэм деж щыяпэу щIэныгъэхэм я докторрэ профессоррэ хъуащ.

Ар хэтащ КПСС-м и Къэрэшей-Черкес обкомым, хахащ Черкесск къалэ Советым, Къэрэшей-Черкес область Советым я цIыхубэ депутату. Ар хыхьэт КПСС-м и Къэрэшей-Черкес обкомым и лектор гупым, и унафэщIт «ЩIэныгъэ» жылагъуэм и хэгъуэгу организацэм.

1999 гъэм и мэлыжьыхьым республикэм и щIэныгъэ, гъэсэныгъэ жылагъуэм игъэлъэпIащ Бэчыжь Мыхъутар илъэс 70 зэрырикъуар. Апщыгъуэми, Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэу тета Хубиев Владимир юбилярым зыкъыщыхуигъазэм жиIат: «Уи юбилейм упожьэ иджыри уи къару илъыгъуэу, уи творческэ лъэкIыныгъэхэм зыкъызэкъуахыу. Уэ ерыщу ипэкIэ укIуащ, зыхуэбгъэувыжа къалэнхэр бгъэзащIэу.

Уеджагъэшхуэ цIэрыIуэщ, тхыдэ щIэныгъэхэм урадокторщ, упрофессорщ, дунейм къытебгъэхьащ монографие, щIэныгъэ лэжьыгъэ куэд. Ахэр псори хэлъхьэныгъэшхуэ хуэхъуащ тхыдэ щIэныгъэм».

2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м дунейм ехыжащ Къэрэшей-Черкесым, Урысей Федерацэм щIэныгъэ гуащIэ ин хуэзыгъэтIылъа гъэсакIуэр, еджагъэшхуэр...

ЛIыщIыгъуэ кIуам и 90 гъэхэм сэри зыбжанэрэ срихьэлIащ Бэчыжь Мыхъутар. Згъэунэхуащ абы бгъэдэлъ щIэныгъэм и куууагъымрэ и гъащIэ зэхэщIыкIым и лъагагъымрэ.

Псэужамэ, ар мы гъэм илъэс 95-рэ хъунут. Езыр къытхэмытыжми, къытхуэнащ къыдигъэкIа тхылъ Iущхэмрэ щIэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэхэмрэ. Ахэр дэркIэ гъуэгугъэлъагъуэщ, фэеплъ дахэщ.

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ**



Профессор, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор БЭЧЫЖЬ Мыхъутар и тхылъым и лъэтеувэм. 2015 гъэ

Зыхуэгъэзэныгъэ

# Дрогушхуэ къэралым и хъумакIуэхэм!



ПщIэ зыхуэсщI си хэкуэгъухэ! Украинэм и мамыр цIыхухэр хъумэным хуэунэтIауэ илъэситI хъуауэ йокIуэкI зауэ операцэ хэхар. Ди урысей зауэлIхэр, Къэрэшей-Черкесым икIахэри яхэту, лIыгъэ яхэлъу йозауэ украинэ неофашистхэм, яхъумэ мамыр цIыхухэм я гъащIэ тыншыр. Дэ, Урысейм и цIыхухэм, пщIэшхуэ яхудощI, япэрауэ, анэхэмрэ адэхэмрэ, Хэкум и хъумакIуэ псэемыблэжхэр, Урысей Федерацэм и зауэлI цIэ лъапIэр лъагэу Iэтауэ зыхь къуэ щыпкъэхэр къызэралъхуам, зэрапIам, зэрагъэсам папщIэ.

Дрогушхуэ, Хэкум и хъумакIуэ хахуэхэр, зауэ операцэ хэхам деж я къалэнхэр зэрахуэфащэу, я напэмрэ я тхьэлъанэмрэ емыпцIыжу, къэрал хьэлэмэтхэм япкъ иту, хьэрычэтрэ псэемыблэжыныгъэрэ къагъэлъагъуэу зыгъэзащIэ апхуэдэ цIыхухэр ди къэралым зэриIэм.

Дэри, зэрыкъэралуи дапоплъэ ди зауэлIхэм, абыхэм ТекIуэныгъэ лъапIэмрэ мамырыгъэмрэ я Iэрылъхьэу къагъэзэжыным.

Урысей тхыдэм и дэтхэнэ лъэхъэнэми хуэдэу биййм пэщIэувэну къызэщIэтэджащ Хэкум и хъумакIуэ щыпкъэхэр — сэлэтхэр, офицерхэр, я къэралым и хэкупсэ цIыхухэр!

Ди зауэлI лъапIэхэ! Дрогушхуэ фи адэхэмрэ абыхэм я адэжхэмрэ Хэкур, дуней псор яхъумэу къагъэлъэгъуа хахуагъэм фэри зэрыпыфщэм! Ди гум, ди псэм къабгъэдэкIыу дыхуейщ узыншагъэ быдэ фиIэну, илъэс насыпыфIэ куэд къэвгъэщIэну!

**КАЗАКОВ Валерий,**
**Урысейм щыпсэу нэгъуейхэм я Федеральнэ лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и совет Нэхъыщхьэм и тхьэмадэ**

Унагъуэм и Илъэсым

# Унэгуащэм и насыпыр

ФэрыщIыгъэ хэмылъу, зи ныбжьыр хэкIуэтам егъэлеяуэ пщIэ здыщыхуащI, нэхъыжьыгъэр здагъафIэ зы унагъуэ си гъащIэм срихьэлIамэ, иджы дыдэ нэIуасэ къысхуэхъуа быныр апхуэдэщ... Зы анэм, нанэ Iумахуэм и жьауэм щIэту къэтэджахэр: цIыкIуи ини, балигъ хъуахэри, щIэблэщIэри — гъэсэныгъэ къызэрымыкIуэ, хабзэ дахэ зыхэлъ защIэщ. «Сыту насыпышхуэ апхуэдэ щIэблэ къыпщIэхъуэныр!» — пIалъэ кIэщI дыдэкIэ сахэта къудейт апхуэдэу сыщегупсысам...

Быныр зэпщIэкIа, зи нэгум Iэ далъэрэ зи напэм ба хуащIу, «мамэ», «нанэ» жраIэу, тегужьеикIауэ зыкIэрыс унэгуащэм, зи ныбжьыр илъэс 86-рэ ирикъуа Гъуэщокъуэ Фаризэт, и гъащIэ насыпри зыдилъагъур ахэращ. Тхьэм гу зэщригъахуэхэ.

ГъэщIэгъуэнщ Фаризэт дыIущIэн хуей щIэхъуари. ЖыпIэнурамэ, куэд щIат апхуэдэ бзылъхугъэ гуащIафIэм, щапхъэгъэлъагъуэу зи бын зыпIа, къэралым, хэгъуэгум и щIэблэр гъэсэным илъэс 40-кIэ бгъэдэта егъэджакIуэм ди газет напэкIуэцIхэм деж и гугъу щытщIын зэрыхуеярэ. Ауэ, а ди газет дыдэм къытехуа зы тхыгъэм дызэришэлIа хъури, нэIуасэ дызэхуэхъуащ, дытетхыхьащ.

Псэлъэгъу къытхуэхъуа бзылъхугъэр мащIэу тегупсысыкIри, къригъэжьащ:

— Адыгэ газетым хузиIэ бгъэдыхьэкIэмрэ абы къытехуэ тхыгъэ къызэрымыкIуэхэмрэ теухуауэ куэд щIащ си гупсысэ утыку исхьэну сызэрыхуейрэ. Мы иужьрей илъэситI-щым газетым и теплъэми, и купщIэми къыпхуэмыцIыхужыну захъуэжащ. Сыт и уасэ абы къытехуэ сурэт архивхэр! Ахэр сыт телъыджащэ! Зэманым дэмыкIуэдауэ, дунейм ехыжа цIыху куэд ягу къэвгъэкIыжащ... Уасэншэщ а лэжьыгъэр.

КъинэмыщIауэ, хабзэм, цIыху, унагъуэ зэхущытыкIэхэм ятеухуауэ газетым къытехуэ тхыгъэхэр сытым хуэдэу ущие зыхэлъ защIэ! Адыгэ унагъуэ къэс а газетыр яIэрыхьащэрэт, еджащэрэт жызоIэ сыт щыгъуи. Къытезгъэзэжурэ щIызоджыкIыж. Газетым лъэпкъым и фIыр тхуегъэлъапIэ, тхуеIэт. Ар тхыдэм къыхонэ. А лэжьыгъэр куэд хъунукъым.

Куэд щIакъым, «Черкес хэку» газетым тетащ «Адыгэ унагъуэ» фIэщыгъэцIэм щIэта тхыгъэфI дыдэ, Ещрокъуэхэ я быным, я къекIуэкIыкIам, я зэхущытыкIэхэм теухуауэ. Апхуэдэ унагъуэхэм хуэдэхэр щапхъэ пщIыну зыхуэмыдэ щыIэкъым! Хуабжьу согушхуэ апхуэдэхэм сащрихьэлIэкIэ, — къыхегъэщ Фаризэт.

Дауи, и гугъу дымыщI хъункъым езы Фаризэт и гъащIэми, и къекIуэкIыкIами. Нобэ жьыщхьэ махуэ дахэ хъуауэ унагъуэ жьантIэм дэс, зи нэгум гуапагъэр кърих бзылъхугъэм и гъащIэм и щIылъэныкъуэр егъэджакIуэ-гъэсакIуэ IэщIагъэм триухуащ, илъэс 40-кIэ еджапIэм щылэжьащ. Езым зэрилъытэмкIи, хуабжьу гуащIэ узыншэ, арэзы техъуэу, къэралым, лъэпкъым хуигъэтIылъащ.

Фаризэт Хъумэрэ цIыкIу къуажэм, Дыгъужь Алий и унагъуэм 1938 гъэм къихъухьащ. И адэр коллективизацэ Iуэху хьэлъэ дыдэр къэралым щекIуэкIам, колхозым и тхьэмадэу тетахэм ящыщщ. Емыджами, щIэныгъэ бгъэдэмылъами, хуабжьу лIы Iущт. И лэжьэкIэфIым папщIэ, уеблэмэ, ВДНХ гъэлъэгъуэныгъэми областым къыбгъэдэкIыу ягъэкIуахэм яхэтащ...



ИлъэсиплI-тхум и ныбжьыр итт Фаризэт, зауэр екIуэкIыу, я къуажэмрэ ПсэукIэ-Дахэрэ яку зэхэуэ хьэлъэ дыдэхэр щыщыIам. Пэжщ, ахэр езым илъэгъуакъым. Ауэ, фIы дыдэу ецIыхуж «Зауэр иухащ!» жиIэу, и анэр унэм гуфIэу къыщыщIэлъэдэжауэ щытар.

Зауэнэужь гъащIэ хьэлъэр, ерыскъыкIи хьэпшыпкIи цIыхуцIэ зиIэр гугъу щехьа пIалъэр игъэвын къыхудэхуащ Фаризэти. Е 4-нэ классыр я къуажэм дэта еджапIэ цIыкIум къыщиухри, Iэслъэс дыдэу, Къылышкъуажэ дэт еджапIэм лъэсу кIуэурэ щеджащ, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным хуэпабгъэу къэтэджа пщащэр.

— ЕгъэджакIуэ IэщIагъэм фIылъагъуныгъэ мыкIуэщI хузигъэщIащ адыгэбзэмкIэ сезыгъэджа ФызыкIэ Александр Джэрий и къуэм. ПщIэшхуэ хуэсщIт, и жьабзэр къызэрымыкIуэу дахэт, адыгэбзэм фIылъагъуныгъэу худигъэщIар игъащIэкIи сщыгъупщэнукъым, игу, и псэ етауэ дригъэджащ. Иужьым, педучилищэми сыкIуащ, си егъэджакIуэм и лъэужьым сытехьэкIэрэ, — къыддогуашэ Фаризэт.

ЖыпIэнурамэ, Дыгъужь Алий езым щIэныгъэ бгъэдэмылъами, и бынитIым: Абдул-Хъалилрэ Фаризэтрэ педучилищэм щеджэн яхузэфIэкIащ. Жагъуэ зэрыхъущи, ныбжьыщIэ дыдэу Абдул-Хъалил дунейм ехыжат. Фаризэт игу къегъэкIыж, езым ипэ иту, и къуажэгъу Даур Жэхьфэр, адыгэ газетым илъэс щэныкъуэм щIигъу щылэжьар, къыдеджауэ зэрыщытар.

ЕгъэджакIуэ IэщIагъэр зригъэгъуэтри, 1959 гъэм Къылышкъуажэ щылэжьащ. 1960 гъэм



Адыгэ-Хьэблэ къуажэм унагъуэ ихьащ. Иужьым, пенсэм кIуэху, япэ щIыкIэ зы мащIэ тIэкIукIэ сабий IыгъыпIэм, итIанэ къуажэм дэт пэщIэдзэ еджапIэм и гуащIэшхуэ щигъэтIылъащ.

Зригъэгъуэтащ ищхьэ щIэныгъи, ди лъэпкъым къыхэкIа бзэ щIэныгъэлIхэу, еджагъэшхуэхэу Дзасэжь Хьэсанш, Пщыбий Инал сымэ Карачаевск къалэм дэт институтым щрагъэджэжащ. И гъащIэ щIылъэныкъуэр здыщигъэкIуа еджапIэм къыдэлэжьахэр нобэ игу ихукъым, фIыкIэ игу къегъэкIыж Мэзукъэбз Зое, Шотыкъ Иринэ, МыкIытIэ Любэ сымэ, нэгъуэщIхэри. ЖеIэ, абыхэм я Iуэху зэхэщIыкI куэд зэрилъэгъуар.

И лэжьыгъэкIэ хъуапсэгъуэу и гъащIэр екIуэкIами, Фаризэт и насып нэхъыщхьэр сыт щыгъуи зыхилъэгъуар и унагъуэ берычэтращ.

— Унагъуэшхуэ сакъыхыхьат, пщыпхъуитху сиIэу. Зы махуи «нэкIуатэ» зэжетIакъым. Сэри бын унагъуэ сыхъущ, сабиитху къысщIэхъуэри, дызэпыщIауэ, дызэдэIэпыкъуу дыкъэтэджащ, ди быныр фIым зэрыхуэдгъэсэным дыпылъащ. Дэ ябгъэдэтлъхьа хабзэхэр нобэ езыхэм я бынхэм халъхьэжыным хущIокъухэ. Аращ зэрыщытын хуейри, — къыддогуашэ нэхъыжь Iумахуэр.

ЩIэблэм йомыгъэлъэгъуа щапхъэ зыхилъхьэнукъым. Ар хьэкъщ. Зэщхьэгъусэ Гъуэщокъуэхэ Алийрэ (*тхьэм здэщыIэм щигъэтынш*) Фаризэтрэ я бынри, абыхэм я щIэблэ бжыгъэри (24-рэ мэхъу) щапхъэгъэлъагъуэщ. ЩIэныгъэм хуэпабгъэу къэтэджащ, «династия» зыхужаIэм хуэдэу, мы унагъуэм щыщ куэдым дохутыр IэщIагъэр къыхахащ. Дэтхэнэми яфI жрагъэIэ. Фаризэт дежкIэ ар насыпщ, аращ зыхилъагъуэр и жьыщхьэ махуэ дахэр. Тхьэм куэдрэ зэдигъэгуфIэхэ!

Ди щIэджыкIакIуэ щыпкъэм газетым и илъэси 100-м ипкъ итуи зыкъытхуигъэзащ.

— Иужьрей илъэсищым къыпхуэмыцIыхужыну газетым зихъуэжащ, абы хьэлэмэтыщэу къытехуэмрэ зи щхьэфэ фиIэбэмрэ и куэдагъыр зэрыдгъэщIэгъуэн тлъэкIкъым. Щапхъэр, фIыр фоIэт, фогъэлъапIэ, лъэпкъым явогъэцIыху.

Си жагъуэ мэхъу нобэ ныбжь зиIэхэми урысыбзэкIэ псэлъэныр нэхъ къыщыхахкIэ. Адыгэ къуажэ ущыпсэууэ, уи быным щхьэ урысыбзэкIэ уепсэлъэн хуей? Адыгэ газет щIэзымыдзыр нэхъыбэжщ. Ар тэрэзкъым.

Сыхуейщ адыгэ унагъуэ къэс газетыр къахуэкIуэну, абы и пщIэмрэ и мыхьэнэмрэ зыхащIэну! АдреймкIэ, узыншэу зэдэлэжьэн гуп дахэ Тхьэм фищI, фригъэфIакIуэ! — къыщIигъужащ Фаризэт.

Дэри дыхуейщ дыгъуасэ илъэс 86-рэ ирикъуа ди псэлъэгъу бзылъхугъэ гуапэм хъуэхъу псалъэхэмкIэ зыхуэдгъэзэну. Уи унагъуэ дахэм уузыншэу Тхьэм куэдрэ уащхьэщигъэт, уадигъэгуфIэ, лъэпкъым и пащхьэ пщIэ ин зыхуэфащэ бзылъхугъэ Iумахуэ!

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэ**

СВО

1 ↰

# ЗауэлI хахуэ

СВО-р щыщIидза махуэм щегъэжьауэ Къэрэшей-Черкесым икIа ди лъэпкъэгъухэр, ди хэкуэгъухэр зэуапIэхэм Iутщ, лIыгъэрэ псэемыблэжыныгъэрэ къагъэлъагъуэу. Апхуэдэ зы лIыхъужьщ ди псалъэр зытедухуар.

ГЪУКIЭ Мурат. Беслъэней къуажэм щыпсэу ГъукIэхэ я унагъуэр пщIэрэ щIыхьрэ зиIэу, унагъуэжь зыхужаIэхэм яхуэдэ зыуэ мэпсэу. Адэшхуэм, анэшхуэм (жэнэтыр унапIэ Тхьэм яхуищI) я жьауэм щIэту къэтэджа къуэрылъхум зыдэплъеинрэ щапхъэ зытрихынрэкIэ Алыхьыр къыхуэупсащ жыпIэ хъунущ. Нэхъыжьхэм я лэжьэкIэр, цIыхугъэр, адыгагъэр щIалэ цIыкIум и нэгум щIэту къэтэджащ. Анэ-адэм я гъэсэныгъэр малъхъэдису зыщIишащ. Къуажэ курыт еджапIэми губгъэн къыщимыхьу, тыншу щеджащ. Иджыри курыт еджапIэм щIэс щIыкIэт Мурат и хъуэпсапIэхэр зауэлI къулыкъум щрипхым. «ЕджапIэр къызэрыбухыу къулыкъум удедгъэшынкъэ», — жиIэу и адэ Беслъэн къыдэгушыIэ щхьэкIэ, Мурат зыхуейр нэгъуэщIт — контракт къулыкъурат ар зыщIэхъуэпсыр. Абы и гугъэр зы махуи хихакъым, курыт еджапIэ нэужьым Шэткъалэ (Ставрополь) дэт колледжым щIыхьэу, ухуакIуэ IэщIагъэм щыхуеджэми. Ар къызэриухыу, къалэм дэт дзэ пакIэм кIуэри контракткIэ къулыкъу ищIэну еувэлIащ. МазитIым къриубыдэу псори езым зэрихуащ, къигъуэтащ, къызэригъэпэщащ, етIысэхакъым зыхуейр зыIэригъыхьэхун. Апхуэдэу Мурат и къулыкъур иригъэжьащ 2020 гъэм.

Анэгур тхьэмыщкIэщ. Марини апхуэдэщи, и къуэм контракт къулыкъум и нэр къызэрыхуикIыр зэгуэрми дищтэтэкъым, къыгурыIуэт зыгуэр къэхъужыкъуэмэ контрактникыр псом япэ абы зэрыпэщIэувэнур. Арами, и щхьэгъусэ Беслъэн и жыIэм, «апхуэдиз хъуауэ зыщIэхъуэпс къулыкъум, и насыпым домыгъэлъэпауэ, пэрыуэгъу дыхуомыгъэхъу» и псалъэм ебэкъуэфакъым.

ИлъэситI текIри, 2022 гъэм, мазае мазэм СВО-р щIидзащ. ЗэрыщIидзэуи, япэ махуэм щегъэжьауэ ГъукIэ Мурат хыхьащ. Хэти иджы доцIыху япэ махуэхэм, мазэхэм ди зауэлIхэм щытыкIэхэр иджы къагурымыIуащэу, темыгъэпсыхьауэ, бэлыхьу ятелъар. Ауэ, дауэ щымытми, зыри къикIуэтакъым, шынакъым, ищIа икърарым епцIыжа къахэкIакъым. Мурати апхуэдэщ. Япэ махуэм щегъэжьауэ лIыгъэ зыхэлъ адыгэлI нэсу зыкъигъэлъэгъуащ, зэуапIэм и нэхъ гуащIэхэм Iутащ. И лIыгъэм, гуеигъэм, псэемыблэжыныгъэм хуэфэщэн зауэлI нагъыщи къыхуагъэфэщащ. ЗауэлI къалэнхэр щигъэзащIэм къыкъуэкIа лIыгъэм папщIэ, УФ-м и Президентым и унафэкIэ ГъукIэ Мурат къыхуагъэфэщащ «За Отвагу» медалыр. КъинэмыщIауэ, абы зэрехьэ езыр зэгъэбыдылIа дзэ пакIэм къыщилъэща «Лучший спортсмен» щIыхьыцIэр.

ГъукIэ Мурат СВО-м зэрыхыхьэрэ илъэс хъуат и унагъуэм зэрамылъагъурэ, телефон зэпсэлъэныгъэхэр зырикIт анэ-адэмкIэ, сыту жыпIэмэ ахэр е щыIэххэтэкъым, е пыбзыкIа дыдэт. И хъыбари, и щыIэкIи ямыцIыхуххэу, «псывэм хэлъу» жыхуиIэм хуэдэу анэ-адэм махуэ куэд ягъэващ, жэщмыжей мащIэкъым ягъэкIуар. ЯцIыхутэкъым я къуэр къащыхуэкIуэнури, къыщигъэзэжынури. Iейм егупсысыну мэхъашэт.

А махуэ угъурлыр нобэ я гуапэу унагъуэм ягу къагъэкIыж. «Мурат дызэмыжьагъэххэ тыгъэ къытхуищIащ. А махуэм си адэшхуэм и шыпхъур щIэупщIакIуэ къытхуэкIуауэ зэбгъэдэст. Неллэ жеIэ: «Мурат къызэрыкIуэжу, икIэщIыпIэкIэ къедгъэшэнущ». Абы хэту си адэр щхьэгъубжэмкIэ плъамэ... — куэбжэм къыщыувыIа машинэ цIыкIум къокI и къуэр, Мурат. Папэ и адэ шыпхъум и псалъэр зэпиудащ: «Къебгъэшэнумэ, мес, къегъашэ», — жери», — игу къегъэкIыж Мурат и шыпхъу цIыкIум.

Мис апхуэдэу, СВО-м зэрыхэтрэ илъэс текIауэ, ГъукIэхэ я щIалэр лъагъунлъагъу къахуэкIуэжауэ щытащ. Махуэ 45-кIэ къахэсри, аргуэру зэуапIэм Iухьэжащ и лъакъуэм телъ дагъуэми емыплъу. Мазих текIри, етIуанэу и унагъуэм къахыхьэжащ. Мы зэманым ар зэгъэбыдылIа дзэ пакIэм щыIэщ, абдежи къулыкъур гуащIэщ, и дакъикъэ къэс IуэхукIэ гъэнщIащ. Мэлыжьыхь мазэм СВО-м хыхьэжынми зы хуэIуакъым...

«Сыт жиIэрэ, дауэ щыт езыр, сыт хуэдэ и хьэл-щэныр, зихъуэжа?» — доупщI Мурат и анэм. «Зихъуэжащ, къыпхуэмыцIыхужыну. Илъэгъуам, зыхэтам теухуауэ къыджиIэр мащIэщ, ахэр иIуэтэнуи хуиткъым. Ауэ зызыхъуэжа и хьэл-щэныр Украинэм фIы зэрыщымыхъэм и щыхьэтщ, псалъэншэуи гурыIуэгъуэщ псори. Зипсыхьащ, лIыпIэ иуващ, гущIэгъуныгъэ, дэIэпыкъуныгъэ, зэхэщIыкIыныгъэ хьэл-щэн щытыкIэхэр нэхъ зыхэпщIэу зыхилъхьащ», — жаIэ Мурат и анэ-адэм.

Дрогушхуэ ди лъэпкъэгъу щIалэм. ДэнэкIэ зимыгъазэми, дауэ дяпэкIэ и гъуэгум зимыгъэшми, фIым хуишэ! Узыншэу ущыт, Мурат! Уи лIыгъэр — щIэблэмкIэ щапхъэщ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

Унагъуэм и Илъэсым

# Берычэтрэ гъэсэныгъэрэ зэрылъ

Унагъуэм сабий къыщыхъуныр — шэч хэмылъу, гуфIэгъуэшхуэщ. АтIэ, сыт хуэдиз гуфIэгъуэ къихъуэрэ быныфIэ хъуа унагъуэм?! Эрсакон къуажэм щыщ Кхъуэнэхэ Муратрэ Земфирэрэ я унагъуэм ар щынэрылъагъущ. Зым нэхърэ адрейр нэхъ щIэрэщIэжу хъыджэбзитху зэдаIэщи, къуажэм я цIэр фIыкIэ щыжаIэу, хабзэр бзыпхъэу зэрылъ унагъуэу къогъуэгурыкIуэ.

Илъэс 20-м щIигъуащ я теплъэкIэ ныбжьыщIэу къыпщыхъу зэщхьэгъусэхэм унагъуэ зэрызэдащIэрэ. Ахэр псэуэгъу щызэхуэхъуам зыщIэхъуэпсар бын куэд яIэу, насыпыфIэу псэунрат. КъызэдакIуа гъащIэ гъуэгум ириплъэжмэ, хъуэпсапIэу яIар нахуэ зэрыхъуар хьэкъ ящохъу.

Бынунагъуэшхуэр зэрыгухэхъуэм къыдэкIуэу, жэуаплыгъэу абы бгъэдэлъми апхуэдизкIэ хохъуэ. УзэдэмыIэпыкъумэ, зызэщIомыгъакъуэмэ, къыптехьэлъэнущ. АтIэ, сыт хуэдэ зэхущытыкIэ мы бынибэ унагъуэм илъыр, дауэ ахэр нобэ зэрыпсэур?!

Нэхъыжь зыщIэсым нэмысри берычэтри илъщ, жи. Земфирэ и гурыфIыгъуэщ и гуащэ Iэминат зэрыхэсыр. Ар унагъуэм и нэхъыжьщи, дзыхьри, чэнджэщри, унафэри зыхуэгъэзар аращ. Гу лъумытэу къанэкъым абыхэм зэхущытэкIэ дахэ, хуабагъ, гуапагъ яку зэрыдэлъым. ЗэрызыхуагъазэмкIи, зэрызэпсалъэмкIи, уеблэмэ нэкIэ зэрызэгурыIуэмкIи ар нэрылъагъущ.

— Си бынкIэ гуныкъуэгъуэ зэрызимыIэмкIэ Алыхьышхуэм фIыщIэ хуэсщIу сопсэу. Си нысэ цIыкIур си пхъуитIым я ещанэу солъытэ. Унагъуэ къызэрихьэрэ, си ныбжьым хуэмыфэщэн псалъэ къызжиIакъым. Си ущие, си чэнджэщ щIодэIу. Хуабжьу сыхуэарэзыщ. Гъэсэныгъэ зыхэлъ апхуэдэ пхъу къызыбгъэдэкIа адэ-анэм фIыщIэ ин яхузощI, — жеIэ Iэминат.

ЗэкIэлъыкIуэу сабий бгъуэтыныр, дэтхэнэри зыхуей хуэбгъэзэныр зэрымытыншыр хэткIи хьэкъщ. Ауэ, хъыджэбзитхур къэIэтыным-кIэ хуабжьу щIэгъэкъуэн къыхуэхъуу Земфирэ къыхегъэщ и гуащэр.

— Анэ етIуанэ схуэхъуащ си гуащэр. Сабийхэр къыздипIащ, зыхуей хуигъэзащ. Сэ сымыцIыху куэдым сыхуигъэсэжащ. Армырамэ, апхуэдиз бынми сытемыгушхуэну къыщIэкIынт, — жеIэ нысэм.

Земфирэ и лэжьыгъэми щIэх щIыпэрыувэжыфар апхуэдэ щIэгъэкъуэн къызэрыкъуэтращ. Абы къуажэм дэт курыт еджапIэм пэщIэдзэ классхэр щрегъаджэ.

Унагъуэм къихъухь пщащэм игъуэтыну гъэсэныгъэр анэмрэ анэшхуэмрэ куэдкIэ ялъытащ. Езым я зэхущытыкIэ дахэр быным щапхъэ яхуэхъуу къагъэтэдж. Нэхъыжьым пщIэ хуэщIыныр, нэмысрэ Iэдэбрэ яхэлъыныр мы унагъуэм гъэсэныгъэм и нэхъыщхьэу къыщалъытэ. Шэч хэлъкъым, ар абыхэм къазэрыдэхъури. Зэшыпхъуухэм я нэхъыжьхэу Дарь...



нэрэ Дианэрэ Черкесск къалэм дэт медколледжым щоджэ. Ясминэ, Аминэ, Атланэ сымэ иджыри курыт еджапIэм щIэсщ. Пщащэхэр я еджэнкIи я цIыху хэтыкIэкIи анэшхуэмрэ анэмрэ зэращыгугъыу къыщIокIыж. Нэхъыжьхэр фIыуи еджащ, курыт еджапIэм и гъащIэми жыджэру хэтащ. Иджы къыхаха IэщIагъэми хуэжану зыхуагъасэ. НэхъыщIэ цIыкIухэри апхуэдэщ. Еджэным зэрыхэзагъэм къинэмыщIауэ, адыгэ къафэм, бэрэбанэ еуэным дехьэхри, абыкIэ кружокхэм макIуэ. Ясминэ спортри и щIасэщ, волейболым пыщIащ.

Сыт хуэдэ Iуэхури хъыджэбзхэм нанэм ядещтэ, егъэгушхуэхэ. Арагъэнщ езыхэми я нанэр псом ялейуэ фIыуэ щIалъагъур.

— ЕджапIэм къикIыжауэ, зы сабий къызбгъэдэмыхьэу, IэплIэ, ба къысхуимыщIу и пэш щIыхьэжкъым. Езыхэри зэхуэсакъыу, зыр адрейм зэрыдэIэпыкъуным пылъу къотэдж. Аращ абыхэм ядэтлъагъуну дызыхуейр. Ар насыпышхуэкъэ! — жеIэ нанэм.

Анэмрэ адэмрэ лэжьапIэ щыIэху, сабийхэр еджапIэм зыгъакIуэри, къезыгъэблэгъэжри анэшхуэращ.

Iэминат езыр берычэтщ, адыгэ-абазэ шхыныгъуэхэм хуэIэзэщи, унагъуэм я Iэнэгур абыхэмкIэ сыт щыгъуи гъэнщIащ. Къуажэми жылэми зыкъыхуагъазэурэ нобэрей зэманым куэдым яхуэмыщIыж, лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ шхыныгъуэхэр яхуеупщэфI. ХьэгъуэлIыгъуэхэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэ къезыхьэжьэхэм абы ирагъэщI адыгэ, абазэ хьэлыуэхэр, тхьэв хьэлыуэ, къэлътамэ зэтет, хьэтыкъ, хьэлывэ, джэд шыпсрэ пIастэрэ, нэгъуэщIхэри. Ахэр апхуэдизымкIэ IэфIу икIи дахэу къыдохъури, зэпымыууэ, Эрсакон къуажэм и мызакъуэу, гъунэгъу къуажэхэм щыщхэми зыкъыхуагъазэ.

А Iуэхум дежи нанэм и къуэрылъхухэр дэIэпыкъуэгъушхуэ къыхуохъу. Псоми ящIэн къахуегъуэт. Зэдэуэршэрурэ Iуэхури нэхъ псынщIэу мэкIуатэ.

Унагъуэшхуэм деж нэхъыжьи-нэхъыщIи Iуэху щагъуэт. СытымкIи зэдэIэпыкъуныр мыбдеж щыхабзэщ. Иджы гъатхэ лэжьыгъэхэр щIидзэнущи, псори зэгъусэу абы зэрыхэтынур къыхегъэщ унэгуащэм. КъинэмыщIауэ, Iэщ, джэд зэрахуэри хъыджэбзхэр абыкIи дэIэпыкъуэгъушхуэщ. Апхуэдэу, нэхъыщIэхэм фIыщэу ялъагъу я адэм ипI щынэ IэрыпI цIыкIур гъэшхэныр, яфIэгъэщIэгъуэну пылъщ.

Мурат илъэс бжыгъэ куэд хъуауэ МЧС къулыкъум хэтщ. Абы къыдэкIуэу, и дэсыгъуэ махуэхэм ар тракторым тесу губгъуэми щолажьэ. Бынышхуэр зыхуей хуэбгъэзэн папщIэ лэжьыгъэр зэпыу зэрымыхъуныр абы жеIэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр Кхъуэнэхэ я унагъуэм гуфIэгъуэкIэ гъэнщIауэ ирахьэкI.

— Бынышхуэр — ар гуфIэгъуэшхуэщ! Сыт и уасэ, ахэр псори къыщызэхуэсыжкIэ уахэплъэныр! Сипхъу пшынауэр къакIуэмэ, зым бэрэбанэ, адрейм пхъэцIыч къещтэ, зыр къофэ... Мис апхуэдэу зэдоуэршэр, зэдогушыIэ, зэдоджэгу. Аракъэ гуфIэгъуэрэ насыпрэ жыхуаIэр, — къыпедзэж Iэминат.

Унагъуэм щыжыпIэракъым, атIэ къыбдалъагъуращ цIыкIухэм зыхашэр. Шэч хэлъкъым мы унагъуэр щапхъэ дахэкIэ къызэрытэджым.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

Фэеплъ

**Мэлыжьыхьым и 6-м къалъхуащ КъЧР-м и цIыхубэ усакIуэ АбытIэ Хъызыр. Зыхалъхуа гъатхэ щIэращIэм хуэдэу зи творчествэр зэрытIэпIыкIа, зи Iэдакъэщ1экIхэр лъэпкъ литературэм щыкъун хуэхъуа Хъызыр къыщалъхуа икIи дунейм щехыжа мазэм ирихьэлIэу дигу къыдогъэкIыж.**

# Лъэпкъ литературэм и фIыгъуэ къызэрымыкIуэ



Урыс тхакIуэ Полянский Алексей АбытIэ Хъызыр къыхужиIауэ щытащ: «Адыгэ усакIуэ АбытIэ Хъызыр и цIэр куэд щIащ и лъэпкъ литературэм и гъунапкъэхэм ебакъуэу къэралпсо утыкум зэрихьэрэ. Абы и усыгъэр гумрэ псэмрэ я жыг хадэщ».

Езым и хъэтI, гупсысэкIэ, къэгъэлъэгъуэкIэ иIэжу 1970 гъэхэм ди адыгэ литературэм къыхыхьа усакIуэ нэхъ гъуэзэджэхэм ящыщ зыщ Ехья и къуэ Хъызыр. Ар адыгэ литературэ дунейм и фIыгъуэ къызэрымыкIуэщ. Хъызыр адыгэм и гущIэм щигъафIэ усакIуэ ахъырзэмант, и усэ гъуэзэджэхэр цIыхухэм зэIэпах, зэIэпалъхьэу щIаджыкIт, апхуэдизу ахэр цIыхугум дыхьэу, цIыхупсэм дэщIауэ зэхилъхьэти.

Хъызыр къыщыхъуащ лъэпкъ усыгъэм и пшыналъэкIэ зэджэ Али-Бэрдыкъуэ къуажэм. Абы и усэхэр гущIэм къыбгъэдэкI пшыналъэт, адыгэщIым хузэхилъхьэ уэрэдт, и гущIагъщIэлъ гупсысэхэр къыщиIуатэрт, и дуней еплъыкIэр сэтей къытхуищIу къыщиIуатэ макъамэт.

Абы и щыхьэтщ ар 1989 гъэм, комиссэм хэт псоми я арэзыныгъэ хэлъу, Урысейм и тхакIуэхэм я Союзым зэрыхагъэхьауэ щытар. ЖысIэнщи, а зэманым тхакIуэхэм я Союзым ухыхьэныр Iуэху псынщIэтэкъым...

Хъызыр нэгъуэщI тхакIуэхэм я гъуэгу ирикIуэну зэи пылъакъым. Сыт щыгъуи ар лъыхъуащ езым и лъагъуэ иIэжыным икIи, шэч къытомыхьэу жыпIэ хъунущ зыщIэхъуэпсар къехъулIауэ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ, сыт щыгъуи хуэдэу, ар зэгуэрми теплъэ хъуакъым зыгуэрым къигъуэта гупсысэр, ар нэгъуэщI жыIэкIэкIэ къигъэлъагъуэу, зэзылъэфэлIэну пылъхэм.

Хъызыр иужьрей илъэсхэм лэжьащ ди республикэм и тхакIуэхэм я Союзым и литературэ чэнджэщакIуэу. Мыбдеж нэхъри IупщI хъуащ абы и гум и къабзагъэмрэ и псэм и дахагъэмрэ.

УсакIуэм и хъэтIыр «щызэфIэувэ» лъэхъэнэ дыдэм, абы Iэпэм къыщIэкIауэ щытащ усэ гъуэзэджэ куэд. Сыт щыгъуи хуэдэу, и Iэпэм къыщIэкI дэтхэнэ сатырми и гум щыщ Iыхьэ хилъхьэу, и гуапагъыр и щIэджыкIакIуэхэм ятригуашэу псэуащ.

Ноби абы и IэдакъэщIэкI купщIафIэхэм, дахагъэмрэ дуней еплъыкIэ пэжымрэ ухуэзыунэтIхэм уащеджэкIэ, гупсысэ бзыгъэхэр уигу къагъэкI, абыхэм ящыщ нэхъыбэ къыдэкIуэтей щIэблэм ирагъэджмэ яфIэкъабылу аращ курыт еджапIэм щIэсхэр зэреджэ тхылъхэм щIыхагъэхьар.

«АбытIэ Хъызыр адрей усакIуэхэм ящхьыкъым. Абы и усэхэр гупсысэшхуэ зыщIэлъ, дахагърэ лIыгъэрэкIэ гъэнщIа защIэщ», — хужиIащ усакIуэм къэрэшей лъэпкъым усакIуэ, критик Кагиевэ Назифэ.

Хъызыр гъащIэм гу щызыхуахэм ящымыщми, и къару илъыгъуэу иджы хуэдэ гъатхэу (2013 гъэм, мэлыжьыхьым и 17-м) дунейм ехыжа адыгэлIым къыщIэнащ Iэужь дахэ, цIэ лъапIэ, лъэпкъ литературэм щыпхиша лъагъуэ бгъуфIэ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ**

Сессием къикIыу

# ЦIыхухэм я хэкупсагъэрщ и лъабжьэр

— Къапщтэмэ, республикэм щытыкIэр зэпIэзэрыту щытащ, — жиIащ Нефедов Владимир икIи щIигъужащ, щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр псыхэкIуадэ хъункIэ зэрыхъунур, абы къэрал властым, щIыпIэ самоуправленэм и къулыкъухэр, адрей хабзэхъумэ IэнатIэхэр къадэмыIэпыкъуамэ. Министрым фIыщIэ ищIащ Къэрэшей-Черкесым хабзэр хъума щыхъуным, ар гъэбыдэным хуэгъэзауэ зыкъызэрыщIагъакъуэм папщIэ.

— Мыхьэнэшхуэ иIэщ мы лэжьыгъэм хабзэхъумэ къулыкъухэри, къэрал властым, муниципальнэ къэхъугъэхэм я къулыкъухэри, СМИ-м, интернет Iэмалым я лэжьакIуэхэри къыхэшэным. Ауэ, нэхъыщхьэр – цIыхухэм я Iуэху еплъыкIэращ, ди лъахэгъухэм я хэкупсагъэращ. Аращ ди къэралым и зэпIэзэрытыныгъэмрэ и шынагъуэншагъэмрэ гъэбыдэным лъабжьэ хуэхъур, — щыжиIащ и къэпсэлъэныгъэм республикэм и Iэтащхьэм.

Темрезов Рэшид щхьэхуэу къытеувыIащ гъуэгу шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхум. Абы къыхигъэщащ федеральнэ, хэгъуэгу, муниципальнэ гъуэгухэм я щытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэм къыдэкIуэу, республикэм и гъуэгухэм я шынагъуэншагъэм ехьэлIауэ ахэр сурэт, видеофиксацэ камерэхэмкIэ къэгъэнэхуным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Республикэм и Iэтащхьэм Нефедов Владимиррэ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ УФ-м и Президентым и хэхыныгъэхэр щекIуэкIым жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ цIыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIам папщIэ.

Ди хэгъуэгум и унафэщIым республикэм и Правительствэм хэтхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэм я Iэтащхьэхэмрэ пщэрылъ яхуищIащ цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ, экстремист, террор унэтIыныгъэхэм ебэнынымкIэ республикэм КъэралкIуэцI IуэхухэмкIэ и Министерствэм купщIафIэу дэлэжьэну.

ИужькIэ спикер Иванов Александр Нефедов Владимиррэ Министерствэм и лэжьакIуэхэмрэ яхъуэхъуащ дяпэкIи я IэнатIэм ехъулIэныгъэ къыщахьыну.

КъыкIэлъыкIуэу, депутатхэмрэ зэIущIэм кърагъэблэгъахэмрэ щагъэгъуэзащ КъЧР-м и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэр зэрылэжьами.

ИужькIэ, депутатхэр КъЧР-м и Жылагъуэ палатэм хагъыхьа нэрыбгэ 12-м арэзы техъуащ. Республикэм и Жылагъуэ палатэм и 4-нэ гупым хэтхэм я пщэрылъхэр зэраухам къыхэкIыу, гупыщIэ къызэрагъэпэщ. Псори зэхэту КъЧР-м и Жылагъуэ палатэм нэрыбгэ 36-рэ хэтщ.

**ЕЗАУЭ Маринэ**

## ЩIалэгъуэ жэщ

*Вагъуэхэр джэджьейуэ*
*Щыпэу уэгум итщ.*
*Мазэр къуртым хуэдэу*
*Абыхэм яхэтщ.*

*Пшэху Iэрамэ мащIэр*
*Месыр уэгум телъщ.*
*ПфIощIыр къуртым сабэу*
*Ар къиулъэпхъэщ.*

*Уихьэхуам щIалэгъуэм*
*Iэджи уи гум къокI.*
*Псэм зыщимыгъэнщIу*
*Жэщыр щIым щхьэщокI.*

*Бзу дамэплъ дахащэу*
*Дыгъэм зыкъеIэт,*
*ЗагъэпщкIуж джэджьейхэм,*
*Бзум къахуэмыгъуэт.*

## Бгымрэ цIыхумрэ

*Бгырэ пэт, борэным цIыху хэхуам,*
*И бгъуэнщIагъыр щIакIуэу ирешэкI.*
*Ауэ гузэвэгъуэм цIыху хэхуам,*
*ЩыIэщ цIыху,*
*хуеплъэкIыу псынщIэу блэкI.*

*Бгырэ пэт, гузавэу цIыху гуоуам,*
*Хуэгузавэ пфIэщIу погуэуж.*
*ЩыIэщ цIыху, гузавэу къелъэIуам*
*И лъэIу макъым*
*дэгу зыхуэзыщIыж.*

Къулыкъу

# Гъатхэ дэшыгъуэм пылъ упщIэхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ЧЕРКЕСЫМ и военком Белобородов Сергей ди хэгъуэгум гъатхэ дэшыгъуэ кампанэр зэрыщрагъэкIуэкIым къахутепсэлъыхьын папщIэ журналистхэр зэхуишэсащ. Фи пащхьэ идолъхьэ упщIэ-жэуап гъэпсыкIэм иту екIуэкIа зэпсэлъэныгъэ убгъуам кърикIуар.

**— Урысейм и цIыхухэм лей ирахын я гугъэу, хамэ къэралхэм я хъыбарегъащIэ Iэмалхэм къулыкъу кампанэм лъэпощхьэпо хуэхъуну зэрыпылъар зэкъым. Мы къытпэплъэ гъатхэ дэшыгъуэми ахэр бэлэрыгъыну къыщIэкIынкъыми, дыхуэхьэзыр дэ абы? Сыт бжьыхьэ дэшыгъуэм къигъэлъэгъуар, зэран къыдэзыхыну пылъахэм ди Iуэху къагъэна? Хъунумэ, дыщыгъэгъуазэ Урысей Федерацэм и хэгъуэгухэм я военнэ комиссариатхэмрэ я зыгъэзащIэ къулыкъухэмрэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм.**

— Пэжщ, хъыбар нэпцI къаткIэрэ, урысей жылагъуэр гужьеигъуэ хадзэн зи мурада хамэ къэралхэм дапэщIэту екIуэкIащ бжьыхьэ дэшыгъуэ кампанэр. Интернетым куэду щатхт дзэм хыхьэнухэр зауэ операцэ хэхар здекIуэкI щIыпIэхэм дгъэкIуэну жаIэурэ. Ауэ, бжьыхьэ дэшыгъуэм бжыгъэрэ пэрыуэну хуеяхэм, зыри яхузэфIэкIакъым. Ди щIалэгъуалэр хущIэкъуащ икIи хущIокъу Хэкур хъумэнымкIэ телъ конституцэ къалэныр гъэзэщIэным.

Военкоматым и лэжьакIуэхэр Урысейм и зыгъэзащIэ къулыкъухэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и къулыкъухэмрэ ящIыгъуу къызэригъэпэщащ сэлэт сатыр хэувэнухэм я шынагъуэншагъэр, игъуэу зэлъэщIигъыхьащ дэшыным ехьэлIа Iуэхухэр. Дыубзыхуам тету, IэщэкIэ Узэда Къарухэм къулыкъу щащIэну бжьыхьэм едгъэжьащ цIыху 400-м нэблагъэ. Дэтхэнэ къулыкъущIэми еттащ махуэ еным щыгъыну фащи, и хьэпшыпхэр зыдилъхьэну къэлътмакъ хэхаи, иIыгъщ банк электроннэ карти. ЩIалэхэр зыхэхуа дзэ пакIэхэм тыншу зэрынэсынум хуэдэу, Iуэхум къыхэтлъытащ урысей авиацэм и кхъухьлъати 8. МафIэгухэмрэ автобусхэмрэкIэ зэбгредгъэшащ къулыкъущIэ 300-м щIигъур. КхъухьлъатэкIэ дутIыпщахэр Камчаткэ краймрэ Сахалин областымрэщ здашар.

**— Зауэ операцэ хэхар зэрырагъэкIуэкIым зыгуэрэкIэ елъыта гъатхэм къулыкъу яшэнухэм я бжыгъэр? Япэу ахэр сыт щыгъуэ щевгъажьэр? Къулыкъу зэращIэ илъэс пIалъэм зихъуэжакъэ?**

— Япэрауэ, къыхэзгъэщыну сыхуейт бжьыхьэ кIуами, иджыпсту зи ужь дит гъатхэ дэшыгъуэми хэхуа ди



щIалэхэм СВО-р здыщекIуэкI щIыпIэхэм я къулыкъу щрахьэкIын хуейуэ къэралым унафэ къызэримыхьар. Дзэм ираджэныр зэфIыдогъэкI Урысей Федерацэм и хабзэ зэхэтыкIэм къигъэува пIалъэм къриубыдэу, 2024 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 15-м щыщIэкIыжу. Псалъэмакъ куэд нобэ кърахьэкI абы теухуауэ, ауэ адэ-анэхэри, дашынухэри зыкIи иремыгузавэ, къулыкъу зэращIэ пIалъэр зэрыилъэсу къонэж. КъЧР-м япэ дэшыгъуэр тохуэ мэлыжьыхьым и 15-м.

**— Иджыри жылагъуэр зригумэщIхэм ящыщщ къулыкъу щIэныр къызытехуэхэм я ныбжьым зэрыхагъэхъуар? Хъунумэ, дыщыгъэгъуазэ, зи № 439 Федеральнэ хабзэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэн ипэ, цIыхур илъэс 27-рэ ирикъуагъэхху щытмэ, абы дзэм кIуэну къытехуэрэ?**

— 2024 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ къулыкъум дыдош илъэс 30-м фIэмыкIахэр. Абы и щхьэусыгъуэщ — ищхьэ еджапIэхэм щIэсу зи ныбжьыр илъэс 27-рэ ирикъуахэм (военкоматым учёт щытхэм я процент 60-м) къулыкъу щIэн къалэныр гъэ къэс я пщэ дахыжу зэрыщытар. ДызэреплъымкIэ, илъэс 30 нэгъунэ дзэм ухыхьэ хъууэ зэращIам я сэбэп хэлъщ дзэ пакIэхэм, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыхэм къахуэкIуэнущ гъащIэ зэхэщIыкIрэ щIэныгъэрэкIэ зэпэщ къулыкъущIэхэр.

**— Куэд мыщIэу дзэ сатырхэм хэувэнущ ди къэралым и дэнэ къуапи щыщ ныбжьыщIэхэр. Нобэ къулыкъум зыхуэзыгъэхьэзырхэм сыт хуэдэ чэнджэщкIэ захуэбгъэзэнт?**

— Псом япэу, Урысей Федерацэм и хабзэ зэхэтыкIэм къызэригъэувауэ военнэ комиссариатхэм и чэзум зэрекIуэлIэным прелъ, я узыншагъэм и щытыкIэр сэтей къащIыну къапоплъэ. КъинэмыщIауэ, хэхауэ дзэ пакIэ гуэрым къулыкъу щызыщIэну гупыж зиIэм, военкоматым нэхъ пасэжуи екIуалIэмэ нэхъыфIщ. Хэт сыт хуэдэ лъэIу къытхуиIэми, шэчыншэу, гу лъыттэнущ, тлъэкI къэдмыгъанэу дыдэIэпыкъунущ.

Фигу къэзгъэкIыжынщи, ди щIалэхэр дзэ пакIэ зэхуэмыдэхэм унэтIынымкIэ унафэ къыдохь щытыкIэ зыбжанэ къыхэтлъытэурэ. Япэрауэ, къулыкъум езыджэ комиссэм зытрищIыхьыр дзэхэм я щыщIагъэхэращ. ЕтIуанэрауэ, къулыкъу зыщIэнум и узыншагъэм, щIэныгъэу бгъэдэлъым, военно-учётнэ IэщIагъэм зэрыхуэхьэзырымрэ психологическэу зэрызэпIэзэрытымрэ йоплъ. Къыхэгъэщыпхъэщ: дзэ къэс Iэмыр иIэжщ игъэзащIэ къалэнхэм елъытауэ.

**— УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и Министерствэм гулъытэшхуэ хуещI щIэныгъэ подразделенэхэр цIыхукIэ зэхуригъэкъуным. Сэнауэщ зыхэлъ ныбжьыщIэ Iэджэр дехьэх щIэныгъэ лэжьыгъэхэм, мэхъуапсэ къулыкъу щIэн Iуэхухэр къахутэну. АрщхьэкIэ, зырызыххэщ апхуэдэ подразделенэ хэхуэну зыхузэфIэкIыр. Зи гугъу тщIы подразделенэхэм кIуэнур къызэрыхах щIыкIэр дауэ?**

— НобэкIэ щIэныгъэм хуэлажьэу ротэ 17 диIэщ, абыхэм ящыщу 8-р — Анапэ къалэ-курортым дэт «ЭРА» технополисым хеубыдэ, зыр — гуманитар щIэныгъэ взводщ. 2023 гъэм и бжьыхьэм щIэныгъэ ротэхэм хэдгъыхьащ ди республикэм щыщ нэрыбгитI. Ахэр къыхэтхащ ищхьэ еджапIэхэм, военкоматхэм щIэтха, къулыкъу зыщIэну, щIэныгъэ лэжьыгъэм зезытыну хьэзыр цIыху зэчиифIэхэм дахэдэкIэрэ.

ЩIэныгъэ ротэм и оператору уащтэн, зыхъумэжыныгъэмкIэ Министерствэм и хьисэп хэлъу иригъэкIуэкI щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм и ужь урагъэхьэн папщIэ, абы ухуэлэжьэну хуит укъэзыщI ищхьэ щIэныгъэ ббгъэдэлъыпхъэщ. А псори зэкIэлъызыгъэкIуэфым къызэрымыкIуэ лъэкIыныгъэхэр кърatынущ: щIэныгъэ оборудованэ пэрытхэр иIэу, щIэныгъэрылажьэ пашэхэм, конструкторхэм, ухуакIуэхэм, IэщIагъэрылажьэ лъэрыхьхэм я нэIэ щIэту къэралым и шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщ лэжьыгъэхэр игъэкIуэтэнущ.

**— КIэ зимыIэ пцIыIуэхэм иджыри зэ къатедгъэзэжынщи, къулыкъум дашхэмрэ абыхэм я адэанэхэмрэ ягу къэдывгъэгъэкIыж гъатхэ дэшыгъуэр зэрекIуэкIым щигъэгъуазэу хъыбар пэж къыздрахыфынур...**

— Абы теухуауэ Урысей Федерацэм зыхъумэжыныгъэмкIэ и Министерствэм и сайтым ихьэу «Призывникам» жыхуиIэ Iыхьэр къыхахын хуейщ. «Научные роты» Iыхьэми къыщагъуэтынущ подразделенэхэм къулыкъу щызыщIэну пабгъэм къыпагъэув мардэхэр.

**ЛЫХЬ Тимур**

Динырыгъуазэ

# УпщIэ къэс — жэуап



Черкесск къалэм дэт индустриально-технологическэ колледжым гъатхэпэм и 27-м «Религия. Вопросы и ответы» зи фIэщыгъэцIэ «Iэнэ хъурей» щекIуэкIащ. Мы еджапIэм щеджэхэр яIущIащ ислъам, чыристан динырылажьэ пашэхэм: Черкесск къалэм и Iимам Катчиев хьэжы Къазимрэ Никольскэ члисэм и динырылажьэ иерей Гурин Александррэ.

Мы зэманым муслъымэнхэми чыристанхэми нэщI щаIыгъ пIалъэщ. Апхуэдэр хущыдгъэщIэн къудейкIэ иухкъым. УнэщIын хуейщ тхьэкIумэкIи — Iейр зэхыумыхыу, бзэкIи — Iей жумыIэу, нэкIи — мыхъумыщIагъэм уемыплъу, — жиIащ ислъам динырылажьэм.

Къады жэщыр къызэрыблагъэм къытеувыIэкIэрэ къыхигъэщащ абы и лъапIэныгъэмрэ и къару инымрэ.

— Къады жэщыр хеубыдэ нэщI мазэм и иужьрей махуи 10-м я зэпэмыбж махуэхэм. А жэщым и къарур мазэ мин бжыгъэм йофIэкI.

джэщым и пщIантIэм дащIыхьа мэжджытымрэ члисэмрэ, Прикубан районым апхуэдэ къабзэу, мэжджытымрэ члисэмрэ зэIуплъэу зэпэщытщ. НэщIым, диным ди зэкъуэтыныгъэр, ди зэрылъытэныгъэр нэхъри егъэбыдэ. НэщIым зыдогъэмэжалIэ, ди Iур ДыкъэзыгъэщIам и цIэкIэ догъэгъущIэ. Ауэ а псоми я щхьэжщ а пIалъэм ди псэхэр, дигухэр нэхъри къабзэу къызэтедгъэнэныр, Iейм щытхъумэныр. Чыристан нэщI мазэм нэгъуэщI дин махуэщI лъапIэхэр къыкIэлъыкIуэнущ, IутIыжымкIэ иухыжу. Ем фIым щытекIуэ махуэщIщ ар. Сывохъуэхъу, щIалэхэ, пщащэхэ, Iейм фи фIыр текIуэну, сыт щыгъуи фыпашэну! — жиIащ Гурин Александр.

Колледжым щеджэхэм я чэзур къэсри, хуабжьу жыджэру упщIэхэр тракIуэтащ къахуеблэгъа хьэщIэхэм. Ахэр зэхуэмыдэт: политикэми, Москва щыIа террор Iуэхуми, динми, нэщIми, диныр гъащIэм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэм зэреплъми, хабзэхэми. Дэтхэнэ упщIэми жэуап игъуэтащ.

Колледжым и унафэщI



къыщыхъур закъуэтIакъуэ дыдэщ. Дин лэжьакIуитIым я къэпсэлъэныгъэм и нэхъыбэр нэщI мазэм, абы ехьэлIа щытыкIэхэм теухуауэ щытащ.

Катчиев хьэжы Къазим къыхигъэщащ нэщIыныр сыт хуэдэ динми зэрихабзэр, я щытыкIэкIэ зэтемыхуэми.

— НэщI мазэм нэхъри дызыхуэсакъын хуейщ, ди хьэл-щэнщ жыхуэсIэр. НэщIыр ерыскъым, псым зы-

Жэщ еным, нэху щыхункIэ мэлэIычхэм ди тхьэлъэIур ящтэ, ДыкъэзыгъэщIам нахьэс. Тхьэ фелъэIу, фIыгъуэм фыщIэлъэIу а жэщым, — жиIащ Катчиевым.

Гурин Александр къытепсэлъыхьащ ди республикэм ислъам динри чыристан динри зэгурыIуэу, зым и фIыр адрейм игъэлъапIэу, иIэту къызэрызэдекIуэкIыр.

— Абы и щыхьэткъэ иджыблагъэ республикэ сыма-

Байрамуков Ахъмэт а махуэм къахуеблэгъа хьэщIэхэм фIыщIэ псалъэхэмкIэ захуигъэзащ. КъинэмыщIауэ, я дин гуащIэ хьэлэлым, я зэдэлэжьэныгъэм и фIыщIэкIэ яхуигъэфэщащ фIыщIэ тхылъхэр. Катчиев хьэжы Къазим и илъэс 50 ныбжьым и щIыхькIэ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм Парламентым и Президиумым къыбгъэдэкIыу ЩIыхь тхылъ хуигъэфэщащ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

«Черкес хэку»-р илъэси 100 щрикъум

Адыгэм диIэщ псалъэжь гуапэ: «Лъэпкъым хуэлажьэр, лъэпкъым хуэпщIантIэр – уахътыншэщ», — жэуэ. Абы къикIыр: лъэпкъым и сэбэп хилъагъуэу цIыхум илэжьар зэи кIуэдынукъым, лъэпкъым щыгъупщэнукъым. Аращ а псалъэжь къызэрымыкIуэм и мыхьэнэр.

ЦIыхум и ныбжьыр зыщIыпIэ щынэскIэ, шэч хэмылъу зоплъэкIыж, гъащIэм и нэгу щIэкIахэр и щхьэм къохьэж. Ауэ псори зэуэ къыпхуэгупсысыжкъым. Ар щIыжысIэр – нэхъыщхьэр илъэс бжыгъэ къэбгъэщIаракъым, атIэ а илъэсхэр зэрыбгъэнщIа купщIагъэращ. Нобэ сызэрыт илъэс бжыгъэм и гугъу пщIымэ, ди Щхьэщыгу ит Тхьэшхуэр къысхуэупсащи, си фIыщIэм щIэи гъуни иIэкъым. Илъэс 77-рэ жыхуэпIэр гъащIэ хъарзынэщ, ауэ цIыхур къызэригъэщIрэ япэкIэ плъэуэ, сыт хуэдэ ныбжь итми мурад гуэрхэр иIэу, зыгуэрхэм щIэхъуэпсу къокIуэкI. Дэри абыхэм дащыщу къыщIэкIынщ. Дуней нэхум къытехъуауэ къыщIэкIынкъым зи мурад псори къызэхъулIа. АтIэ, сэри сыхуейт ди адыгэ лъэпкъ газетыр ефIакIуэу илъэс мин бжыгъэхэр ихьыну.

ГъащIэм деж нэхъыщхьэр лъэпкъым и бзэр, и щэнхабзэр, и дуней тетыкIэр ихъумэжыфу щытынращ. Абы жэщи махуи толэжьыхь ди лъэпкъ газетыр. Ди журналистхэр лъэпкъыбзэм и хъумакIуэщ, тхыдэр щIэблэм яIурызылъ-хьэщ. Редакцэм и лэжьакIуэхэм къэрал мыхьэ-нэ зиIэ Iуэхушхуэ зэфIах. Лъэпкъым и гъуазэу, и набдзэу, и псэу щыт газетым илъэси 100-м къриубыдэу сыт илъэгъуа, сыт игуэщIа жыпIэмэ, ар хуабжьу гъэщIэгъуэнщ. Си ныбжьым зэхэсхамкIэ, слъэгъуахэм ящыщ Iыхьэхэмк Iэ сывдэгуэшэнщ.

Лъэпкъ щыхъукIэ, абы и блэкIам ущIэгушхуэни уи жагъуэ хъуни, ущIэукIытэн гуэрхэри хэбгъуэтэнущ. Адыгэ лъэпкъым и гузэвэгъуи, и гуфIэгъуи хэтащ адыгэ газетыр. Iэмалыншагъэ хъуами, хэкIыпIэ къагъуэту щытащ. Газетыр къэралым ейщ, абы гъащIэм и еплъыкIэр цIыхубэм журналистхэм яриIуэтылIэн хуейщ. Ар къэрал политикэу къокIуэкI. Ауэ ипэ зэманхэм къэхъут цIыхубэм и Iуэху еплъыкIэр абы щытемыхуэ. Апхуэдэм деж журналистым властым и еплъыкIэр димыщтэмэ, зыри хузэфIэкIынукъым, сыту жыпIэмэ властым игъэувa унафэщI закъуэтIакъуэхэм я акъылыншагъэр зэуэ пхуэхъуэжыфынутэкъым, губзыгъагъэ зэуэ пхуегъэщтэнутэкъым, и щыуагъэр зыхащIэтэкъым. Мис апхуэдэ унафэщI мыхъумыщIэхэм Совет властыр, цIыхубэр гугъу ирагъэхьащ. НэхъыкIэжыр арати, журналист куэдым я щхьэр халъхьащ. Адыгэ редакцэм и тхьэмадэхэр, и лэжьакIуэхэр апхуэдэ пцIыIуэпцIышэхэм, фыгъуэнэдхэм ягъэкIуэдащ.

Мыхэр адыгэлI нэсу, лъэпкъым и пажэу щытащ. Властым еIужажэхэм щыщтэкъым. Лъэпкъым и къэкIуэнум егупсысхэт. ЩIэблэр гъуэгу нашэ трагъэхьакъым. Пэжыр я Iэпэгъут. Армырамэ адыгэ лъэпкъым и деж напэрэ пщIэрэ щаIэнутэкъым.

АтIэ, апхуэдэ шынагъуэхэр щыIами, журналистхэр ди адыгэ лъэпкъым ягурэ я псэрэ етауэ хуэлэжьащ.

1924 гъэм газетыр къыдэкIын щыщIидзам цIыхубэм щIэныгъэ ягъэгъуэтыным, литературэм, щэнхабзэм ехьэлIа Iуэхухэм лъэпкъыр щыгъуазэ ящIт. Апхуэдэу журналист-тхакIуэхэу щыта Абыкъу Хъалид, ДыщэкI Мухьэмэд, Хьэбэчыр БетIал, Амирокъуэ Ибрэхьим, Уэхъутэ Абдулыхь, Шурдым Кушыку, Ахъмэт Мухьэдин, Мамхэгъ Жэхьэбэн сымэ я тхылъхэм щыщ пычыгъуэхэр газетым къытехуэт. Ипэм газетхэр унагъуэ къэс къахуэкIуэт. Сабий еджэфхэр нанэ-дадэхэм газетым итым къахуеджэт. А зэманым нэхъыжьхэм зэхуэсыпIэу яIэр мэжджытрат. Совет властым ахэр щызэхуищIым, кIуапIэу лIыхэм къахуэнар кIыщрат. Къуажэ псоми яIэт кIыщитI-щы. Зеикъуэри апхуэдэт. Ауэ ныбжькIэ нэхъ хэкIуэтахэр уэрамыщхьэм тетIысхьэти газетым еджэу, абы итыр зэрагъэзахуэу щысхэт. Емыджэфхэм зэхахар я унагъуэ щаIуэтэжт. Мис апхуэдэ Iуэху хъарзынэ газетым илэжьу щытащ. А зэманым телевизор щыгъэтыжауэ, къуажэдэсхэм радио яIакъым. Гупсэхугъуэу яIэр адыгэ газетрат. ЦIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэну еджэт «Шыбжий» плIанэпэм. Мыбы къехьэкI-нехьэкI хэмыту лэжьакIуэ мыхъумыщIэхэм, IэнатIэшхуэ зиIэ, зи лэжьыгъэр Iэпэдэгъэлэл зыщIхэм гуащIэу къащытепсэлъыхьт. МыхъумыщIагъэхэр сэтей къащIт.

Газетым щылэжьа куэд си нэIуасэу щытащ. Слъагъут ахэр гугъу зэрехьыр. Журналистым и лэжьыгъэр ипэ зэманми, ноби зэи псынщIэу щытакъым. Газетым зи гъащIэр езыпхауэ щыта журналистхэм фIыщIэшхуэ яхуэфащэщ. ЖыпIэнумэ, ахэр редакцэм мылъку къыщыдлэжьынщ жэуэ Iухьакъым. АтIэ, ди адыгэ лъэпкъым гугъу зыдедгъэхьынщ, «уэс къытесэми дэри къыттесэнщ, уэшх къытешхэми дэри къыттешхэнщ», — жаIэт. Хуабжьу гъэщIэгъуэнт а зэманхэр. Абы къахь улахуэр ерагъыу я бынунагъуэм зэрагъэзахуэу псэут. Журналистхэр тхьэусыхэтэкъым, я лэжьыгъэри пылъхьэншэу зэфIахт. Ди Зеикъуэ къуажэ щыщхэу: Шурдым Кушыку, Джэтауэ Iэмин, Щынахъуэ Алий, ХьэпэнцIыв Сэфарбий, Молэ Рэшид, Зэубыд Ахьмэд сымэ я лэжьыгъэкIэ ефIакIуэу редакцэм щылэжьащ. Ауэ ди къуажэм щыщу лъагъуэ хэзышар ДыщэкI Мухьэмэдщ. Ар ящыщщ зэман ерум IэщIэкIуэдахэм.

Журналист лэжьыгъэр гурэ псэрэкIэ фIыуэ плъагъун хуейщ. Нобэ хуэдэу гъуэгу зэгъэзэхуахэр, зекIуапIэфIхэр ди зэманым щыIакъым. Редакцэ пщэрылъхэр ягъэзэщIэн щхьэкIэ къуажэхэм, колхоз-совхозхэм автобускIэ кIуэт. Ауэ нэхъ гугъу дыдэр губгъуэм ит лэжьакIуэхэм уахуэзэнрат. Лъэсу дапщэ къакIухьа абыхэм. Нэхъ гугъуехь куэд зи фэ дэкIар Даур Жэхьфэрщ. Ар здэлажьэр мэкъумэшыщIэхэм я Iуэхур къэзыгъэлъагъуэ къудамэрат. Жэхьфэр а илъэсхэм гугъу зэрехьар зыщIэжыр езыращ. Километр мин дапщэ абы къызэхикIухьар, нэIуасэфI дапщэ ныбжьэгъу, къуэш пэлъытэ къыхуэхъуар! Жэхьфэр и гъащIэр журналист щIалэщIэхэм щапхъэ яхуэхъун хуейщ. Апхуэдэ фIылъагъуныгъэ къыхэпха IэщIагъэм хуиIэныр телъыджэщ. Даурым хуэдэхэращ газетым и пщIэр зыIэтар, зыгъэдэхар.

Нобэ адыгэ редакцэм и щхьэгъубжэм къыдидз нэхур – мыужьыхын нурщ. МыункIыфI уэздыгъэщ, сыт хуэдиз зэман дэкIми. Пэжщ, ар зэщIэбгъэстын хуейщ. АтIэ, ди адыгэ газетым редактор нэхъыщхьэу иIахэм ар яхузэфIэкIащ. ЩIэблэщIэм нобэрей редакцэм и Iуэхур ягъэдахэ, ягъэбжьыфIэ, ипэкIэ ягъэкIуатэ. Лъабжьэншэ жыгыр зи тхыдэ, зи хабзэ, зи бзэ, зи щэнхабзэ зимыIэжым хуэдэщ. Ауэ ди адыгэ газетым щылажьэхэм сыт хуэдэ жыгри ягъэгъэгъэнущ, ягъэбэгъуэнущ. Алыхьышхуэм насыпрэ узыншагъэрэ къарит! Я зэфIэкIыр Тхьэшхуэм куэд яхуищI!

**КЪЭЗЭНОКЪУЭ Хьэсэмбий,**
**УФ-м и журналистхэм я Союзым хэт**

**Мы гъэм и бжьыхьэм илъэси 100 ирикъунущ «Черкес хэку» газетым и япэ къыдэкIыгъуэр дунейм къызэрытехьэрэ. АтIэ, ар цIыху гъащIэкIэ Тхьэшхуэм узэрелъэIунщ, мащIэкъым. ЖыпIэнумэ, зырызыххэщ апхуэдэ зи насып къихьыр. Ди адыгэ газетымкIэ ар ныбжькъым. И щIалэгъуэщ, уэру и зыужьыныгъэщ. Шэчыншэу, лъэпкъ псом къыпэщылъ и гуфIэгъуэм тепсэлъыхьу я гукъэкIыжхэмкIэ къыддогуашэ зэман зэхуэмыдэхэм журналисту редакцэм щылэжьахэр – дэтхэнэри хуабжьу гъэщIэгъуэнщ. Жьыщхьэ махуэ ищI ди нэхъыжьыфIхэр!**

# Лъэпкъым хуэлажьэр уахътыншэщ



Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

## ТЕЛЕПРОГРАММЭ

мэлыжьыхьым (апрелым) и **8-14**

### ПОНЕДЕЛЬНИК 8

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (ног.) (6+)**
**14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Литературные встречи». Поэтический вечер З. Булгаровой. (ног.) (0+)**
**21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «Школа ЖКХ» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «События недели» (12+)
09:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Дом моих родителей» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Капитальная стройка» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Здоровье» (12+)
11:35 «Пульс республики» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Дежурная часть» (12+)
12:45 «Лига эрудитов» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Понять. Простить.» 3,4 серии (16+)
15:30 «Проектная мастерская» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Ремесла» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» (12+)
18:00 «Чат вдвоем» (12+)
19:00 «Ислам моя религия» (12+)
19:25 «События дня» (12+)
20:15 «Соседи» (12+)
20:25 «С чего начинается Родина» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сильные духом» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Архызский лик» (12+)
22:35 Х/Ф «Первые встречные» 6 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

### ВТОРНИК 9

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (черк.) (6+)**
**9:35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (черк.) (0+)**
**14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+) 16:30-Местное время. «Отчий край». А. Жако. (черк.) (0+)**
**17:00-Местное время. «Долина чарующих звуков». (0+)**
**21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «Соседи» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Кавказская десятка» (16+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Новостёнок» (6+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сельский кластер» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Проектная мастерская» (12+)
11:35 «Стихия» (6+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Женский портрет» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Лига эрудитов» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Понять. Простить» 5,6 серии (16+)
15:30 «Мой аул» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Мой аул» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Прямой эфир» (12+)
19:00 «Архызский лик» (12+)
19:20 «Разговорник» (6+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «О земном и небесном» (12+)
20:30 «Школа ЖКХ» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Здоровье» (12+)
21:30 «Архыз24» представляет: «События дня» (12+)
22:15 «Прямая речь» (12+)
22:35 Х/Ф «Первые встречные» 7 серия (16+)

### СРЕДА 10

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (карач.) (6+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (карач.) (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Народные традиции». Круглый стол о проблемах языка, истории и культуры карачаевского народа. 2 часть. (карач.) (0+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

08:35 «Ваше право» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Спорт тайм» (12+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Культурный экспресс» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Мой аул» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Пусть меня научат» (12+)
11:30 «Пусть меня научат» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Наша кухня» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Дом моих родителей» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Понять. Простить » 7,8 серия (16+)
15:30 «Здоровье» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Республика традиций» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоём» прямой эфир (+16)
19:00 «Проектная мастерская» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Прямая речь» (12+)
20:25 «Парламентский Вестник» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сельский кластер» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Нур» (12+)
22:35 Х/Ф «Первые встречные» 8 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

### ЧЕТВЕРГ 11

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (абаз.) (6+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (абаз.) (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Добрый вечер, республика!». Гости студии многодетная семья Шерметовых. (абаз.) (0+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

08:35 «Пульс Республики» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Острый вопрос» (12+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Здесь и сейчас» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Поставь мне лайк» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Мой аул» (12+)
11:35 «Прямая речь» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Город» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Понять. Простить» 9,10 серии (16+)
15:30 «Сельский кластер» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «С чего начинается Родина» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоем» прямой эфир (16+)
19:00 «Капитальная стройка» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Нур» (12+)
20:30 «Ваше право» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Лига эрудитов» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пульс Республики» (12+)
22:35 Х/Ф «Притяжению вопреки» 1 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

### ПЯТНИЦА 12

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести. Северный Кавказ». Информационный выпуск. (6+)**
**9.15-Местное время. «Специальный репортаж». (0+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». К Всемирному Дню театра. (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «ГОРЯЧАЯ ЛИНИЯ». Прямой эфир. (0+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Наша Кухня» (12+)
09:40 «Красота в деталях» (12+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Лига эрудитов» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сильные духом» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Республика традиций» (12+)
11:30 «Ислам моя религия» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Школа ЖКХ» (12+)
12:45 «Дом моих родителей» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Новостенок» (6+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Понят. Простить» 11,12 серии (16+)
15:30 Д/ф «Кавказ сегодня» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Красота в деталях» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 Д/Ф «Жизнь достойная человека» (12+)
18:40 «Дежурная часть 09» (12+)
18:55 «Здесь и сейчас» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Пульс республики» (12+)
20:30 «Соседи» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Ремесла» (12+)
21:20 «Разговорник» (6+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пусть меня научат» (12+)
22:35 Х/Ф «Притяжению вопреки» 2 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

### СУББОТА 13

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.20-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». «Мир в котором я живу». Программа для детей. (0+)**

**АРХЫЗ 24**

06:50 «Лекции МГУ» программа (16+)
07:45 «Женский портрет» (12+)
08:30 «Прямой эфир» (12+)
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Разговорник» (6+)
10:20 «Пульс республики» (12+)
10:35 «Кавказ сегодня» (12+)
11:00 Хит-парад «Кавказская десятка» (16+)
11:50 «Неотрывной календарь» (12+)
12:00 «Дом моих родителей» (12+)
12:35 «Архызский лик» (12+)
13:00 «Сильные духом» (12+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 Х/ф «Волшебник Изумрудного города» (6+)
15:10 Мультфильм «Смешарики» (0+)
16:00 «Здесь и сейчас» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Спорт-тайм» (12+)
17:50 «Неотрывной календарь» (12+)
18:00 «Концерт: Play Vinul Band» (12+)
19:00 «Поставь мне лайк» (12+)
19:30 «События недели» (12+)
20:30 «Республика традиций» (12+)
20:50 «Неотрывной календарь» (12+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «За гранью» (16+)
23:50 «Музыка» (16+)

### ВОСКРЕСЕНЬЕ 14

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия. События недели». Итоговая информационная программа. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

06:30 «О земном и небесном» (12+)
06:45 «Разговорник» (6+)
06:50 «Лекции МГУ» (16+)
07:45 Д/Ф «Жизнь достойная человека» (12+) субтитры
08:30 «События недели» (12+)
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Женский портрет» (12+)
11:00 «Новостенок» (6+)
11:30 «Здоровье» (12+)
12:00 «Капитальная стройка» (12+)
12:25 «Разговорник» (6+)
12:35 «Ремесла» (12+)
13:00 «Мой аул» (12+)
13:30 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 Х/Ф «Наша Маша и волшебный орех» (12+)
15:20 М/Ф «Смешарики» (0+)
15:40 «Спорт тайм» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Лига эрудитов» (12+)
17:30 «Поставь мне лайк» (12+)
18:00 «Сильные духом» (12+)
18:25 «Культурный экспресс» (12+)
19:00 «Я здесь был» (12+)
19:15 «Красота в деталях» (12+)
19:30 «Острый вопрос» (12+)
20:30 «Пусть меня научат» (12+)
20:50 «Разговорник» (6+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Мосты округа Мэдисон» (16+) субтитры

Аттестат о среднем (полном) общем образовании: серия 09АА, номер 0000727, выданный 21.06.2007 г. на имя **Дамалаева Мурата Зауровича,** 27 августа 1990 года рождения, в связи с утерей, **считать недействительным.**

Ди телеграм-каналыр
@CHERKESHAKU

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2857-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ЧЫРБЫЖ Иринэ,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ